O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M woRTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Fakultet dekan?:

_____________doc. Q.Turdi’baev

«_____» _____________ 2014 j.

5220100-filologiya (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’dar?n?n’ 4-kurs studenti Nurjanova Palmirani’n’

**«Qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q wo’zgeshelikler»** temasi’ndag’i'

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Kafedra baslig’i: doc. Q.Yusupov

____________________________

Ilimiy basshi: doc. B.Genjemuratov

_________________________

«_____» ______________ 2014j

**No’kis–2014 ji’l**

**Ma'mleketlik attestatsiya komissiyasinin'**

**QARARI :**

5220100-filologiya (Qaraqalpaq filologiyasi) bag'dar?n pitkeriwshi Nurjanova Palmirani'n' «Qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q wo'zgeshelikler» atamasindag'i pitkeriw qa'nigelik jumisina

"______ " bahasi qoyilsin

**MAK baslig'i:** ____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

**MAK ag'zalari:**

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli') (f.i.sh)

**Mazmuni':**

**Kirisiw………………………………………………………………………...3-7**

**I bap. Qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgeshelikleri……………………………………………………..8-30**

I.1. Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'n izertlewdin' ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri…………………………………………………...8-13

I.2. Qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q bag'darlari'……………………………………………………………14-30

**II bap. Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri…………………………………………………….31-48**

II.1. Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' janrli'q wo'zgesheligin izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri……………………………….31-33

II.2. Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' janrli'q tu'rleri………………………………………………………………33-48

**Juwmaqlaw…………………………………………………………...49-51**

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar……………………………………………..52-55**

## Kirisiw

**Temani’n’ aktualli’g’i’:** Qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ a’debiyati’mi’zda salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Wo’ytkeni XX a’sirdin’ 80-ji’llardi’n’ ayag’i’na kelip pu’tkil milliy poeziyami’zda boy ko’rsetken, ashi’q so’zlilik, ja’miyetshilik-siyasiy, ruwxi’y-ma’deniy, ekonomikali’q salalardag’i’ wo’zgerislerge tez juwap beriw, wolardi’ woperativ tu’rde sa’wlelendiriw, xali’qti’n’ wo’tmishi, bu’gini, keleshegi, Aral problemasi’, wo’tiw da’wirinin’ qi’yi’nshi’li’qlari’ tuwrali’ tuwri’dan-tuwri’ pikir bildiriw haqi’yqatgo’y, talapshan’, lirikali’q qaharman obrazi’n jasaw h.t.b. ma’seleler hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ rawajlani’wi’na da wo’z ta’sirin tiygizbey qalmadi’. Usi’ ko’zqarastan G.Matyakubova, N.To’reshova, M.Jumanazarova, P.Mi’rzabaeva, G.Nurlepesova, G.Da’wletova, A.Wo’teniyazova h.t.b. basqalardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ a’hmiyetli wori’ndi’ iyeleydi. Wolar bizdi qorshag’an wortali’qtag’i’: ja’miyettegi, ta’biyattag’i’, adamlardi’n’ is-ha’reketi menen minez-qulqi’ndag’i’, basqalarg’a degen qari’m-qatnasi’ndag’i’ yerler abaylay almag’an xarakterli belgilerdi, shtrixlardi’, detallardi’, temalardi’, motivlerdi an’lay aladi’ ha’m wolardi’ ko’rkem do’retiwshilikte paydalana ali’w imkaniyati’na iye. Usi’ sebepli wolardi’n’ do’retiwshiligi ha’zirgi poeziyami’zda salmaqli’ wori’ndi’ iyelep u’lgerdi. Sonli’qtan da bul na’rse ayi’ri’m a’debiyatshi’ ali’mlardi’n’ miynetlerinde wo’z bahasi’n ali’p u’lgerdi. Ma’selen, belgili a’debiyatshi’ ali’m Q.Worazi’mbetovti’n’ jazg’ani’nday, «...qaraqalpaq lirikashi’li’g’i’ wo’zinin’ rawajlani’wi’nda to’mendegi belgilerge ha’m da’stu’rlerge iye bola basladi’... Lirikali’q shi’g’armalarda ko’birek gumanistlik ko’zqaraslar yele de ku’shlirek rawajlana basladi’, shayi’rlari’mi’zdi’n’ ko’rkemlik izleniwshilikke di’qqati’ ku’sheydi. Xali’qti’n’ haqi’yqi’y tariyxi’na, turmi’si’ menen ma’deniyati’na qi’zi’g’i’wshi’li’q artti’, socialli’q ha’m uli’wma adamzatli’q mashqalalari’n: jaqsi’li’q ha’m jamanli’q, wo’mir ha’m wo’lim, a’dep-ikramli’li’q ha’m ruwxi’y mashqalalardi’ so’z yetiw basli’ wori’ndi’ iyeledi... Ja’miyette boli’p ati’ran socialli’q, ekonomikali’q ha’m siyasiy wo’zgerislerdi intellektualli’q, a’dep-

ikramli'li'q ju'zesinen analizlew na'tiyjesinde ja'miyetlik ha'm jekke sanag'a ta'sir jasaytug'i'n lirikali'q shi'g'armalar payda boldi'»[1].

**Izertlew obekti ha'm predmeti:** Bakalavr-qa'niygelik jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' obekti ha'zirgi da'wirdegi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q wo'zgesheligin izertlew boli'p tabi'ladi'. Biz bunda usi' da'wirdegi poeziyami'zdi'n' rawajlani'wi'nda belgili worni' bar shayi'rlardan M.Jumanazarovani'n' «Ju'regimde bir da'rt bar» (1991), «Yelim dep yen'iremesen'» (1992), «Yele men…» (1994), «A'lwidag' aytpayman, muhabbat» (1997), G.Da'wletovani'n' «Senin' da'rtin' menen jasayman, hayal!», G.Nurlepesovani'n' «Hasli' nashar demen', bizdi, ag'alar» (1994), «Aq sag'i'mlar» (2011) toplamlari'nda, sonday-aq P.Mi'rzabaevani'n' «I'shqi' tarlari'» (1986), «Da'wir na'pesi» poetikali'q toplamlari'nda, «A'miwdarya» jurnali'nda, gazetalarda shi'qqan qosi'qlari'n ko'rkem da'rek si'pati'nda tan'lap aldi'q.

**Jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'**: Biz bakalavr-qa'niygelik jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' maqseti–ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlardi'n' poeziyali'q shi'g'armalari'na analiz jasaw, woni'n' rawajlani'wi'ni'n' basli' tendentciyasi'n, ideya-tematikali'q bag'darlari'n ani'qlaw, janrli'q tu'rlerin belgilewden ibarat. Bul ushi'n poeziyani'n' rawajlani'wi'ndag'i' geypara basli' tendenciyalarg'a itibar beriwge, yag'ni'y poeziyani' bir tutas ali'p izertlewge umti'lami'z. Usi' maqsette biz ha'zirgi poeziyami'zdag'i' hayal-qi'zlardi'n' do'retiwshiligine di'qqat qarati'w arqali' to'mendegi wazi'ypalardi' sheshiwdi maqset yettik:

–ha'zirgi a'debiy processte hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' tutqan worni'n ani'qlaw;

–ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q ha'm tematikali'q bag'darlari'n belgilew;

–hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' a'debiy si'nda bahalani'wi'n u'yreniw;

[1] Оразымбетов Қ.Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис: «Билим»,1992. 18-bб.

–ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheliginin’ ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q ma’selelerin qarasti’ri’w;

–ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ janrli’q tu’rlerin ani’qlaw;
Mine usi’ si’yaqli’ ma’seleler bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan yesaplanadi’.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’:** Temani’ u’yreniw bari’si’nda prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ ja’miyettin’ ha’m ma’mlekettin’ rawajlani’w principlerin belgilep beretug’i’n miynetlerin[1] metodologiyali’q tiykar si’pati’nda basshi’li’qqa aldi’q.

Sonday-aq, jumi’si’mi’zda belgili rus a’debiy si’nshi’si’ V.G.Belinskiydin’, a’debiyatshi’ ali’mlari’nan L.M.Timofeev, T.Bondarenko ha’m A.Kvyatkovskiylardi’n’, o’zbek ha’m qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’nan A.Rasulov, T.Boboev, Ye.Xudaybergenov, H.Umurov, U.Tuychiev, D.Quronov, B.Sarimsoqov, S.Axmetov, Q.Sultanov, K.Xudaybergenov, T.Ma’mbetniyazov, S.Bahadi’rova, Q.Ja’rimbetov, K.Qurambaev, Q.Worazi’mbetov, B.Genjemuratov, P.Nurjanov[2] ha’m tag’i’ basqalardi’n’ ilimiy miynetlerindegi teoriyali’q juwmaqlardan paydalandi’q.

**Jumi’sti’n’ izertleniw da’rejesi:** Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ arnawli’ izertlenbegeni menen de, wolardi’n’ ayi’ri’m poetikali’q toplamlari’ jo’ninde bir qansha a’debiy-si’nli’q miynetler jari’qqa shi’kti’. Ma’selen, belgili a’debiyatshi’ ha’m si’nshi’ S.Axmetovti’n’ «Qaraqalpaq sovet poeziyasi’»[3] monografiyasi’nda, «A’miwda’rya» jurnali’ betlerindegi

---

[1] Каримов И.А. Жоқары мәнаўият–жеңилмес күш. Тошкент: «Manaviyat» 2008.
[2] Тимофеев Л.М. Основы теории литературы. М: «Просвещение», 1971, Белинский В.Т. Танланган асарлар Т.: Uz. Dav. Nashr, 1955, Расулов А. Бадиийлик–безавол янгилик. Тошкент, «Шарқ», 2007, Boboev T. Adabiyotshunoslik asoslari Toshkent, «O’zbekiston», 2006/ Umurov H. Adabiyot nazariyasi, Toshkent, «Sharq», 2002, Xudayberdiev I. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent, «Iqtisod-moliya» 2007, Туйчиев У. Ўзбек поэзиясида бармоқ системаси. Тошкент: «Фан», 1966, Quronov D. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent, Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 2004. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988; Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис: «Билим», 2004, Усы автор. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2013. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис: «Билим», 2004, Усы автор. Оразымбетов Қ.Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис: «Билим»,1992. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис:, «Билим», 1997, Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият, Нөкис: «Билим», 1993.
[3] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.

maqalalari’nda hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri haqqi’nda, T.Ma’mbetniyazovti’n’ «Yerkin yeldin’ yerkin qosi’g’i’»[1] maqalasi’nda M.Jumanazarovani’n’ «Yelim dep yen’iremesen’» toplami’na bahali’ pikirler bildirilgen. Sonday-aq prof. Q.Worazi’mbetovti’n’ «Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’ndag’i’ ko’rkemlik izleniwshilik», «Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ evolyuciyasi’ ha’m tipologiyasi’» miynetlerinde ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ wo’zgeshelikleri tuwrali’ bahali’ pikirler alg’a su’rilgen. Sonday-aq wol hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ ko’rkem a’debiy da’stu’rlerge qatnasi’, jan’ali’g’i’ ha’m wo’zgeshelikleri haqqi’nda wo’z pikirlerin wortag’a taslag’an. Q.Ja’rimbetovti’n’ «Wotli’ ju’rekten wotli’ so’z»[2] atamasi’ndag’i’ G.Matyakubova menen sa’wbetinde ha’zirgi hayal-qi’zlar lirikasi’ boyi’nsha di’qqatqa i’layi’q pikirler bar. Al K.Qurambaev «O’z so’zi, o’z hovoziga ega shoira»[3] maqalasi’nda P.Mi’rzabaeva do’retiwshiligine toqtaydi’. Sonday-aq, a’debiyatshi’ Q.Worazi’mbetov wo’zinshe«Sezimler qursawi’na woralg’an poeziya»[4] atli’ maqalasi’nda G.Dawletovani’n’ «Senin’ da’rtin’ menen jasayman, hayal!» toplami’na baylani’sli’ uli’wma qaraqalpaq hayal-qi’zlar do’retiwshiliginin’ wo’zgesheligine arnalg’an di’qqatqa i’layi’q pikirler aytadi’. Sonday-aq P.Nurjanov[5], B.Genjemuratov[6], N.To’reshova[7] ha’m G.Ibragimovalardi’n’[8] maqalalari’nda da qaraqalpaq hayal-qi’zlar lirikasi’ndag’i’ ko’rkem forma, pikirdi beriw usi’llari’n ken’ tu’rde analizleydi ha’m wolardag’i’ intellektualli’q pikirlewdi shayi’r shi’g’armasi’ni’n’ wo’zgesheliklerinen biri si’pati’nda qaraydi’. A’debiyatshi’ Q.Turdi’baevti’n’ «G’a’rezsizlik da’wirindegi

---

[1] Мәмбетниязов. Еркин елдиң еркин қосығы//«Қарақалпақстан жаслары», 2007, 5-декабрь.
[2] Қурамбоев К. Отлы жүректен отлы сөз. Г.Матякубова менен әдебий сәўбет//«Қарақалпақ әдебияты», 2011, №11-12.
[3] Қурамбоев К. Ўз сўзи, ўз овозига эга шоира//«Қарақалпақ әдебияты», ,2013, №1.
[4] Оразымбетов Қ. Сезимлер қурсаўына оралған поэзия–Г.Дәўлетова. Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял! (Қосықлар). Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. Алғы сөз, 3-5-бб.
[5] Нуржанов П. Бахыт қусындай қонғым келеди//«Еркин Қарақалпақстан», 1998, 9-август. Усы автор. Қалбимда ой, қуяшим кулди. М.Жумоназарова ижодига бир назар//«Жаҳон адабиёти», 2010, №1.
[6] Генжемуратов Б. Ҳәзирги қарақалпақ ҳаял-қызлар поэзиясында суггестив лирика //«Қарақалпақстан жаслары», 2001, 24-март.
[7] Төрешова Н. Ҳәр кимниң айтар сөзи бар//«Еркин Қарақалпақстан», 1993, 19-июнь,
[8] Ибрагимова Г. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында қызлар лирикасы//«Устаз жолы», 2007, 17-февраль.

qaraqalpaq poeziyasi'»[1] atli' kitabi'nda bolsa N.To'reshova, M.Jumanazarova, P.Mi'rzabaeva do'retiwshiligine arnalg'an a'debiy portretler di'qqatqa i'layi'q.

**Jumi'sti'n' quri'li'si':** Bakalavr-qa'niygelik jumi'si' «Kirisiw», «Juwmaq» ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ti'sqari' yeki baptan turadi'.

«Kirisiw» bo'liminde temani'n' aktualli'g'i'na, izertlew obekti ha'm predmetine, maqset ha'm wazi'ypalari'na, izertleniw da'rejesine, teoriyali'q ha'm metodogiyali'q tiykari'na, jumi'sti'n' quri'li'si'na baylani'sli' ma'seleler so'z yetiledi.

Birinshi bap «Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgeshelikleri» dep atali'p, wol wo'z gezeginde «Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'n izertlewdin' ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri» ha'm «Qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q bag'darlari'» degen yeki bo'limnen turadi'. Bul bapta qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' yele toli'q u'yrenilmegenligin yesapqa ali'p, wolardi'n' do'retiwshiligine uli'wma sholi'w jasadi'q ha'm shi'g'armalari'ni'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgesheliklerin u'yrendik.

Yekinshi bap «Qaraqalpaq hayal-qi'zlar lirikasi'ni'n' janrli'q wo'zgesheligi» dep atali'p, wol wo'z gezeginde «Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri» ha'm «Ha'zirgi hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' janrli'q tu'rleri» dep atalg'an yeki bo'limnen turadi'. Bul bapta shayi'rlardi'n' lirikali'q ha'm liro-epikali'q shi'g'armalari'ndag'i' janrli'q izlenisler u'yrenildi.

«Juwmaq»ta biz jumi's bari'si'nda islegen ilimiy-teoriyali'q pikirler ba'ntlerge bo'linip, i'qshamlasti'ri'li'p berildi. Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi ha'zirgi bibliografiya iliminin' qa'delerine muwapi'q jaylasti'ri'ldi'.

[1] Turdi'baev Q. G'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq poeziyasi'. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2011, 73-82-bb

## I bap. Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgeshelikleri

### I.1 Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'n izertlewdin' ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' rawajlani'wi'nda hayal-qi'zlar poeziyasi' belgili wori'n tutadi'. Sonli'qtan da bir qansha a'debiyatshi'-ali'mlardi'n' ha'm si'nshi'lardi'n' ilimiy-teoriyali'q pikirleri bayanat, recenziya, yubileylik maqala, problemali'q maqala sholi'w h.t.b. qusag'an a'debiy-si'nli'q janrlar tu'rinde jari'qqa shi'qqan. Ma'selen a'debiyatshi' Q.Worazi'mbetov «O'mirdin' wo'zi hayal-qi'zlarsi'z go'zzal yemes. A'debiyat ta wolarsi'z a'biger halg'a tu'setug'i'ni' so'zsiz. Wo'ytkeni, wolar yerlerge sali'sti'rg'anda du'nyag'a, wo'mirge, a'debiyatqa da basqasha ko'zqaras penen qaraydi'. Yerler bazda jarati'li's, ko'beyiw, du'nyag'a keliw ha'm ketiw, wo'sip-o'niw si'yaqli' ila'hiy tu'siniklerge u'stirtin ma'ni beriwi mu'mkin. Al hayal-qi'zlar bulardi' wo'mirdin' tiykari' dep tu'sinedi. Sebebi, wolar-analar. Bazda yerlerdin' go'zzalli'q haqqi'nda tuyg'i'lari', go'zzalli'qti' su'wretlewi yerbekey-serbekey bir na'rse boli'p shi'g'i'wi' mu'mkin. Al hayal-qi'zlardi'n' a'debiyattag'i' go'zzalli'qti' jarati'wi'-bul shi'n ma'nisindegi go'zzalli'q. Sebebi wolardi'n' wo'zleri go'zzallar, wolardi'n' ta'biyati'na, qani'na go'zzalli'q qari'si'p a'zeliy sin'ip ketken»[1],-dep joqari' baha beredi. Haqi'yqati'nda da, hayal-qi'zlardi'n' poeziyasi' tematikasi', ideyali'q bag'dari', su'wretlew principleri ha' tag'i' basqa da ko'rkemlik qa'siyetleri jag'i'nan wo'zgeshelikke iye. Hayal-qi'zlar wo'z do'retpelerine bar mehri menen ishki jan du'nyasi'na ta'n barli'q ag'la paziyletlerdi sin'dirip jiberedi. Sonli'qtan da ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi' a'debiy si'nshi'lar ta'repinen wo'zinin' i'layi'qli' bahasi'n ali'p kelmekte. I.Yusupovti'n' «Ko'klam nafasiday hayotbaxsh sherlar (M.Jumanazarovani'n' «Qalbingizda qolgim keladi» sherlar to'plamiga kirish so'z)», K.Ma'mbetovti'n' «Jaslar ha'm a'debiyat», G.Yesemuratovti'n' «Poeziyada hu'jdanni'n' ji'rlani'wi'», T.Ma'mbetniyazovti'n' «Qosi'qlari'

---

[1] Оразымбетов Қ. Сезимлер қурсаўына оралған поэзия–Г.Дәўлетова. Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял! (Қосықлар). Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. Алғы сөз, 3-5-бб..

kewillerdi terbeydi» (N.To'reshova haqqi'nda), «Yerkin yeldin' yerkin qosi'g'i'» (M.Jumanazarovani'n' «Yelim dep yen'iremesen'» toplami' haqqi'nda), K.Allambergenovti'n' «Shayi'rani'n' epikali'q poeziyasi'ni'n' wo'zgesheligi», J.Yesenovti'n' «Haqi'yqatshi'l, ruwxi' teren' so'z marjanlari' ushi'n (milliy g'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' poeziya haqqi'nda woylar. 1991-1998-ji'llar)», Q.Worazi'mbetovti'n' «Teren' talg'amli' poeziya, B.Genjemuratovti'n' «Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar lirikasi'nda suggestiv lirika», P.Nurjanovti'n' «Shayi'rdi'n' ishki yerkinligi haqqi'nda woylar», «Baxt qushiday qwngim keladi», «Aq sag'i'mlardag'i' ma'rtlik ruwxi'», «Qalbimda woy, quyoshim kuldi (Shoira M.Jumanazarova ijodiga bir nazar)», H.Wo'temuratovani'n' «Nabira To'reshovani'n' shayi'rli'q stili», Q.Turdi'baevti'n' «Lirikadi' ruhiy ifodaning wziga hosligi», G.Yembergenovani'n' «A'debiyati'mi'zdi'n' jarasi'qli' gu'lleri («Bes gu'l» toplami' haqqi'nda)», G.Ibragimovani'n' «Ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi'nda qi'zlar lirikasi'» siyaqli' ilimiy ha'm a'debiy si'n maqalalari'nda ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q bag'darlari', turmi's shi'nli'g'i'n su'wretlewdegi wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri, janrli'q ko'p tu'rliligi, ko'rkemlik belgileri belgili da'rejede so'z yetilgen.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' su'yikli shayi'ri', O'zbekistan Qaharmani' I.Yusupov hayal-qi'zlar lirikasi'na u'lken di'qqat bo'lip, wolardi'n' kelesheginen u'lken u'mit ku'tken halda wo'z pikirlerin bildirip bardi'. Ma'selen wol M.Jumanazarovani'n' o'zbek tiline awdari'lg'an «Qalbingizda qolgim keladi» atamasi'ndag'i' qosi'qlar toplami'na jazg'an alg'i' so'zinde «M.Jumanazarovani'n' qosi'qlari' sizlerdi ushqi'r qi'yal a'lemine sharlaydi', kewli mi'n' bir jamaw, si'rti' pu'tin zamanlaslari'mi'z da'rtine ma'lha'm boli'wg'a shaqi'radi'»[1] dep jazadi'.

A'debiyatshi' G.Yesemuratov wo'z maqalasi'nda lirikada hu'jdan ma'selesinin' ji'rlani'wi' haqqi'nda ko'plegen mi'sallar, faktler, a'debiy tekstlik materiallardi' tallawg'a tartadi'. Haqi'yqati'nda, ha'r qanday da'wirdin' lirikasi', uli'wma adamzat ushi'n basli' na'rse–bul hu'jdan. Bul hesh qanday siyasat ha'm

[1] Юсупов И. Кўклам нафасидай ҳаётбахш шерлар–М.Жуманазарова. Қалбингизда қолгим келади (қўшиқлар). Тошкент: «Шўлпон» нашрёти, 1999, Алғы сөз, 3-5-бб.

ideologiyag’a bag’i’nbaytug’i’n tema boli’p yesaplanadi’. Usi’ ma’sele, si’nshi’ni’n’ duri’s ko’rsetkenindey, XX a’sirdin’ son’g’i’ ji’llari’ndag’i’ lirikada bati’l tu’rde wortag’a qoyi’la basladi’. Buni’n’ sebebi, ja’miyettegi bir basqi’shtan yekinshi basqi’shqa wo’tiw da’wirinin’ qi’yi’nshi’li’qlari’, bazar ekonomikasi’ da’wirindegi ha’r qi’yli’ mashqalalar, quramali’ sharayat, ruwxi’y saladag’i’ ha’r qi’yli’ unamsi’z illetler menen baylani’sli’ boli’wi’ mu’mkin. Maqalada bul ma’selenin’ sa’wleleniw wo’zgesheligi N.To’reshova ha’m M.Jumanazarova qosi’qlari’ mi’sali’nda ha’r ta’repleme talqi’g’a tarti’lg’an.

Si’nshi’ N.To’reshovani’n’ to’mendegi qatarlari’ tallaw arqali’ ha’zirgi da’wirde geyparalardi’n’ hu’jdandi’ artqa i’si’ri’p taslap ha’reket yetip ati’rg’anli’g’i’n ashi’qtan ashi’q wortag’a taslaydi’.

Muz. Muz. Muz…
Mag’an tutqan gu’lleri de muz,
Mag’an sozg’an qollari’ da muz.

Qatti’ ton’di’m,
Qalti’ri’wdaman.
Ji’lli’li’q tappay a’tirapi’mnan…
Ku’lkilerim muz…
Du’nyani’ qorshag’an mi’na muzli’qtan,
Men de muzg’a aylanbaqtaman[1].

Bul qatarlarda lirik qaharman «Wo’mirden tu’ygenlerin bo’lisiw ushi’n da’rtles, pikirles adamlardi’ izleydi, biraq taba almaydi’»[2], sebebi wolardi’n’ barli’q ha’reketleri de jalg’an, ju’zeki yamasa qosi’q qatarlari’ndag’i’ «muz» si’yaqli’. A’dette bunday qosi’qlar buri’ng’i’ Awqam da’wirinde kommunistlik ideologiya ko’zqarasi’nan «pessimizm» si’pati’nda qaralani’p, qatan’ si’ng’a ushi’rar yedi. Demokratiya, g’a’rezsizlik zamani’ sebepli bunday illetlerden

[1] Төрешова Н. Әзийзим, Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009, 17-б
[2] Есемуратов Г. Поэзияда хүжданның жырланыўы//«Қарақалпақстан жаслары», 1995, 23-март

quti'ldi'q. Bul na'rseni si'nshi' G.Yesemuratov M.Jumanazarova qosi'qlari'n tallaw arqali' wori'nli' ilimiy-teoriyali'q juwmaqlar isleydi.

Sonshama i'nji'qli'qtan,
Tiyesiz ko'p jinime,
Ma'rtlikke di'm i'nti'qpan,
Uri'span' so'kkenime.

Bunshama ku'yinemen:
Qi'zlari'n xan sorasa,
Gellesin alg'an xalqi'm,
Bir ten'iz quri'g'ansha,
G'a'plette qalg'an xalqi'm[1]

«Kemlik, da'rt, arman, telegey ten'izdey ashshi' haqi'yqatli'q qami'rday qari'si'p berilip turg'an joq pa?!»[2]

Si'nshi' G.Yesemuratov hayal-qi'zlar poeziyasi'nan haqi'yqi'y «hu'jdan shaqi'ri'g'i'» boli'p jan'laytug'i'n qatarlardi' da'l tan'laydi' ha'm wolardag'i' bati'lli'qti', wo'tkirlikti ashi'p beredi:

Wo'lidi, sup-suli'w a'rmanlar wo'ldi,
Wo'ldi, ahdiw–paymanlar wo'ldi.
Wo'ldi hu'jdan, iyman ha'm wo'ldi,
Bilmedim kim qay derge ko'mdi[3].

Si'nshi' J.Yesenovti'n' ha'zirgi qaraqalpaq poeziyami'zg'a arnalg'an maqalasi'nda da qi'zi'qli' ilimiy-teoriyali'q pikirler wortag'a taslang'an. Woni'n' atap wo'tkenindey, «…basqa shayi'rlarg'a sali'sti'rg'anda I.Yusupov, X.Da'wletnazarov, B.Genjemuratov, N.To'reshova, M.Jumanazarova, wo.Sa'tbaev, h.t.basqalar bazar ekonomikasi'na wo'tiw da'wirinin' qi'yi'nshi'li'qlardi' ha'm ruwxi'y du'nyami'zdag'i' qarama-qarsi'li'qlardi'

---

[1] Жуманазарова М. Еле мен… Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003, 36-бет.
[2] Есемуратова Г Поэзияда ҳүжданның жырланыўы, 3-b.
[3] Жуманазарова М. Жүрегимде дәрт бар. Қосықлар:Нөкис, «Қарақалпақстан»,1992, 38-б.

jasi’rmastan, ashi’q tu’rde ha’m ku’yinip woti’ri’p jazdi’»[1],–deydi. Rasi’nda ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’, soni’n’ ishinde hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ tek ideyali’q-tematikali’q bag’i’ti’ wo’zgerip qalmastan, al shayi’rlardi’n’ wo’z woy-sezimlerin sa’wlelendiriw usi’li’ ha’m formasi’ da wo’zgerdi. Xali’qti’n’ tariyxi’na woy juwi’rti’w, wol haqqi’nda gu’yzeliske tu’siw, usi’ arqali’ adamlarda wo’z wo’tmishin qa’sterlep biliw sezimlerin woyati’wg’a bag’i’shlang’an ko’plegen shi’g’armalar do’retilmekte. «…Bati’lli’q shayi’r M.Jumanazarovani’n’ ko’pg’ana do’retpelerine ta’n» «…Shayi’rdi’n’ pikirleri tirdin’ wog’i’nday qadali’wshi’li’q ku’shke iye. Buri’nlari’ hesh kim ayta almag’an pikirlerdi bati’l ayta ali’w, adamlardi’n’ sezimlerine tu’rtki sali’w, usi’ arqali’ biyparwali’qqa ko’z basi’w-bular woqi’wshi’ qa’wiminin’ shayi’rg’a degen hu’rmetin artti’ratug’i’n belgiler…»[2].

Al, a’debiyatshi’, jazi’wshi’, qaraqalpaq tariyxi’y romanlari’n izertlew boyi’nsha belgili qa’niyge H.Wo’temuratova ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’ haqqi’nda da jiyi-jiyi pikir bildirip turadi’. Wol wo’zinin’ «Sen so’nbeysen’, poeziya juldi’zi’» dep atalg’an maqalasi’nda «…shayi’rlar jazi’p ati’r, lekin si’nshi’lar wolardi’n’ do’retpelerin wo’z waqti’nda bahalap u’lgere almay ati’r… «Begligin’di buzba sen!» dep aqsaqal shayi’r I.Yusupov qa’lem terbese, «Ashi’q bolmag’an kim bar?!» dep talantli’ qa’lem iyesi X.Da’wletnazarov woqi’wshi’ni’ yoshlandi’radi’, N.To’reshova «O’zin’nen» dep hu’kim shi’g’arsa, «A’lwi’dag’ aytpayman, muhabbat!» dep M.Jumanazarova a’lemge jer saladi’, G.Nurlepesova «Qaylardasi’z, gu’mis bulaqlar!?» dep soraw taslaydi’. Marhum shayi’r qi’z N.Tlewovani’n’ «Aytari’m bar» toplami’n qoli’ma uslap woti’ri’p, wo’zimnin’ ilimpaz yekenligimdi de, woqi’wshi’ yekenligimdi de umi’taman, ko’z jaslari’m muqabag’a tamadi’. Saqlan’ shayi’rlardi’?–dep buyri’q bergim keledi…» «Qa’dirlen’ shayi’rlardi’!»–dep jali’nsam deymen… wolarg’a qosi’li’p a’rman yetemen»[3],–dep joqari’ ko’terin’kilik penen jazadi’. Avtordi’n’ bul maqalasi’nda ha’zirgi da’wirdegi qaraqalpaq shayi’rlari’ poeziyasi’ni’n’ rawajlani’w

[1] Есенов Ж. Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын//«Устаз жолы», 1999, 13-май; 20-май.
[2] Есенов Ж. Бул да сонда,
[3] Өтемуратова Ҳ. Сен сөнбейсең, поэзия жулдызы, poeziya! // «Еркин Қарақалпақстан», 1999. 20-январь;

bag’darlari’, ideyali’q-tematikali’q, janrli’q-stillik wo’zgeshelikleri, lirikali’q qaharman obrazi’n jasawdag’i’ ayri’qshali’qlari’ boyi’nsha di’qqatqa i’layi’q pikirleri bar.

A’debiyatshi’ T.Ma’mbetniyazovti’n’ «Qosi’qlari’ kewillerdi terbeydi»[1] maqalasi’ N.To’reshovani’n’ bir pu’tin do’retiwshiligine arnalg’anli’g’i’ menen bahali’. Al, P.Nurjanovti’n’ «Shayi’rdi’n’ ishki yerkinligi haqqi’nda woylar»[2] degen maqalasi’nda bolsa M.Jumanazarovani’n’ poeziyasi’na baylani’sli’ wortag’a taslang’an pikirleri woqi’wshi’ni’n’ di’qqatti’n wo’zine tartpay qalmaydi’. T.Ma’mbetniyazov ati’ atalg’an maqalasi’nda N.To’reshovani’n’ poeziyasi’ haqqi’nda ken’ tu’rde so’z yetedi. Avtor bul portretlik maqalada shayi’r do’retiwshiliginin’ rawajlani’w evolyuciyasi’n duri’s ko’rsete woti’ri’p: «Nabiyra talapshan’. Wol wo’zine de, basqag’a da talap qoya aladi’. Woni’n’ qosi’qlari’ qi’yali’y bayanlawg’a qarag’anda wo’mirge jaqi’n. Woni’n’ shi’g’armalari’n woqi’p ati’rg’anda qosi’qti’n’ turmi’stan do’rep ati’rg’ani’ woqi’wshi’ni’ isendirip woti’radi’»[3],–dep duri’s juwmaq shi’g’aradi’.

Ma’mbetniyazovti’n’ duri’s atap wo’tkenindey, N.To’reshova poeziyami’zdi’n’ so’n’gi’ buwi’ni’ndag’i’ M.Jumanazarova, G.Nurlepesova, A.Wo’teniyazova h.t.b. si’yaqli’ shayi’r qi’zlardi’n’ aldi’nda kiyati’rg’an qa’lem iyelerinin’ biri. Woni’n’ do’retpelerindegi ideyali’q ani’qli’q xa’m bati’lli’k, poetikali’q boyawlardi’n’ ko’p tu’rliligi h.t.b. ko’rkem qa’siyetler shayi’r stilinin’ wo’zine ta’nligin an’lati’p turadi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda belgili wori’ng’a iye hayal-qi’zlar poeziyasi’ a’debiyatshi’ si’nshi’lar ta’repinen wo’z bahasi’n almaqta. Bunda si’nshi’ ilimpazlar hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ basli’ tematikali’q wo’zgesheliklerin, janrli’q qa’siyetlerin, lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’wdag’i’ izlenislerin u’yreniw arqali’ bu’gingi poeziyani’n’ rawajlani’wi’nda wolardi’n’ worni’n ko’rsetip beredi.

---

[1] Мәмбетниязов Т. Қосықлары кеўиллерди тербейди//«Әмиўдәрья», 1998, №5, 84-б.
[2] Нуржанов П. Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққнда ойлар//«Қарақалпақстан жаслары», 1998, 8-август.
[3] Мәмбетниязов Т. Аты аталған мақала, 85-б.

## I.2. Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' ideyali'q ha'm tematikali'q bag'darlari'

Ko'rkem shi'g'armada jazi'wshi' ja'miyetlik turmi'stag'i', adam ta'g'dirindegi qanday da bir ma'selelerdi, problemalardi' qozg'aydi'. Usi' arqali' wo'zinin' aytajaq woy-pikirin, ideyasi'n alg'a su'redi. Sonday-aq jazi'wshi' ko'rkem shi'g'armani' do'retiwdin' bari'si'nda belgili bir ko'zqaraslardi', principlerdi basshi'li'qqa aladi'. Wolardi' wo'zi jaratqan obrazlarg'a sin'diredi. Demek, ko'rkem shi'g'armani'n' mazmuni' temadan, problemadan ha'm ideyalardan turadi' yeken. Tema–bul ko'rkem shi'g'armani'n' sa'wlelendiretug'i'n turmi'sli'q ha'm syujetlik materiallari' boli'p tabi'ladi'[1]. Al, «Ideya–shi'g'armada qoyi'lg'an ha'm jarati'lg'an ma'selelerdin' mazmuni'nan, xarakterler analizinen logikali'q ta'rizde kelip shi'g'atug'i'n juwmaq»[2] boli'p yesaplanadi'. Tema ham ideya bir-biri menen ti'g'i'z baylani'sta boladi'. Wolardi'n' yekewi de turmi'sti'n' anaw yaki mi'naw ta'repi haqqi'ndag'i' shayi'r yaki jazi'wshi'ni'n' pikirlerin woqi'wshi'g'a jetkeriwshi qural.

Ko'rkem shi'g'armadag'i' ideyali'q-tematikali'q ko'p qi'rli'li'q woni'n' ko'rkem quri'li'si'ndag'i' bir pu'tinlilikke zi'yan jetkizbewi kerek. Sebebi, turmi'sti'n' wo'zinde belgili bir ha'diyse basqa bir ha'diyse menen wo'z-ara baylani'sqa kirisip, quramali', ko'p qi'rli' bolg'an jan'a ha'diyselerdi payda yetedi. Sonli'qtan wolarg'a belgili bir ko'zqarastan baha beriw mu'mkin. Al, «Tematika–ko'rkem shi'g'armani'n' tiykarg'i' ha'm jetekshi temasi' menen birge wog'an bag'i'ni'shli' bolg'an basqa kishi temalardi' da wo'z ishine qamti'p, shi'g'armadag'i' ideyali'q–ko'rkemlik bir pu'tinlilikti ta'minleydi»[3]. Ko'rkem shi'g'armada su'wretlenetug'i'n ha'r bir obraz, ha'r bir turmi'sli'q jag'day wo'zine ta'n temag'a ha'm wog'an berilgen bahag'a iye boladi'. Usi' ma'niste a'debiy shi'g'arma ko'p ma'seleli, ko'p temali' ha'm ideyali' boli'p keliwi mu'mkin.

Ko'rkem shi'g'armani'n' ideyasi' da shi'g'arma mazmuni'n sa'wlelendiredi. Haqi'yqi'y ko'rkem shi'g'armadag'i' ha'r bir epizod, ha'r bir obraz, ha'tteki,

---

[1] Ja'rimbetov Q A'debiyattani'wdan sabaqlar. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2012. 16-b.
[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент: «Ўзбекистон», 2002, 105-б.
[3] Бобоев Т. Бул да сонда, 107-б.

bo’lek detallar da tiykarg’i’ ideyani’ ashi’wg’a xi’zmet yetedi. SHi’g’arma ideyasi’n toli’q tu’siniw ushi’n wonda su’wretlengen waqi’ya–ha’diyseler, obrazlar, detallar haqqi’nda teren’ pikir yetip ko’riw, wolardi’ ha’r ta’repleme talqi’dan wo’tkeriw kerek. Sonli’qtan ko’rkem shi’g’arma ideyasi’ haqqi’nda so’z yetilgende woni’n’ usi’ wo’zgesheligi di’qqat worayi’nda boli’wi’ kerek.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgesheligin u’yrengende woni’ yeki tu’rli usi’lda talqi’law mu’mkin: birinshiden, ko’rkem shi’g’armada berilgen ideya arqali’ shayi’rdi’n’ niyetinin’, maqsetinin’ sa’wleleniwi; yekinshiden, shi’g’armada berilgen ideyali’q wo’zgeshelik. SHi’g’armani’n’ ideyali’q–tematikali’q wo’zgesheligin u’yrengende usi’ yeki bag’darg’a itibar qarati’w kerek.

Ha’zirgi da’wirdegi ha’r bir shayi’r aytajaq woy pikirin woqi’wshi’g’a jetkeriwde wo’zine ta’n soqpag’i’na iye yekenligin ko’riwimizge boladi’. Ha’r bir so’z, ha’r bir detal, ha’r bir obraz woni’n’ na’zerinen shette qalmaydi’. Wolardi’n’ qosi’qlari’ndag’i’ ko’p ideyali’li’q, ko’p temali’li’q ma’selesine kelsek, bul bag’darda da woni’n’ wo’zine ta’n joli’ bar yekenligin ko’riwimizge boladi’. Shayi’rlardi’n’ poeziyali’q shi’g’armalari’n to’mendegi tematikalarg’a sha’rtli tu’rde bo’liwge boladi’: a) watan, tuwg’an jer sag’i’ni’shi’; b) i’shqi’-muhabbat temasi’; v) aqi’l-na’siyat temasi’; g) ta’biyat temasi’; d) nali’sh qosi’qlari’ j) ekologiya temasi’. Ati’ atalg’an tematikalar shayi’ralardi’n’ ideyali’q poziciyasi’n woqi’wshi’g’a jetkeriwge xi’zmet qi’ladi’ ha’m wolardi’n’ indvidual stilin de belgilep beredi.

Basqa xali’qlardag’i’ si’yaqli’ bizin’ a’debiyati’mi’zda da ko’pshilik shayi’rlar **watan temasi’n** ji’rlawg’a wo’z shi’g’armalari’n arnag’an. XX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda bul tema A.Dabi’lov, S.Nuri’mbetov, A.Musaev, I.Yusupov, K.Raxmanov, T.Matmuratov J.Izbasqanov, H.Ayi’mbetov h.t.b shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’nda ha’r ta’repleme ha’m sheber su’wretleniwin tapqan. Solar si’yaqli’ ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’nda da bul tema joqari’ pafosta ji’rlanadi’.

Shayi’r M.Jumanazarovani’n’ «No’kisim», «Xalqi’m-aw» qosi’qlari’nda Watan–insanni’n’ kindik qani’ tamg’an topi’raq, woni’ kamalg’a keltirgen, wo’mirine ma’n’gi mazmun bag’i’sh yetken teberik ma’kan si’pati’nda uli’g’lanadi’. Watan-babalari’mi’zdan bizge kelip jetken ha’m keleshek a’wladlari’mi’zg’a miyras boli’p qalatug’i’n muxaddes na’rse yekenligi uqti’ri’ladi’, woni’ ko’z qarashi’g’i’nday abaylap asi’raw, wog’an sadi’q boli’w ideyalari’ alg’a qoyi’ladi’. Ma’selen, shayi’rdi’n’ «No’kisim» qosi’g’i’ndag’i’ watan temasi’ni’n’ tariyxi’y shi’nli’qti’ ko’rkem shi’nli’qqa aylandi’ri’p ko’rkem su’wretlew ta’ripine bir na’zer salayi’q:

Ta’riypin’di tap ari’dan ag’i’zsam,
Wormanbet biy babam shalg’an qobi’zsan’,
Sahrayi’ kewlime pitken bag’i’msan’,
No’kisim, No’kisim, go’zzal No’kisim.[1].

Bul qosi’qta shayi’r wo’zinin’ su’wretlew obektinin’ biri bolg’an «sahrayi’ kewlime pitken bag’i’msan’» metafora si’pati’nda paydalani’p, usi’ trop arqali’ lirikali’q qaharman qa’lbindegi tuwg’an yelge degen sheksiz muhabbatti’ woqi’wshi’ni’n’ ju’regine wornalasti’radi’. Sonli’qtan da woni’n’ woqi’wshi’g’a degen ta’siri ku’shli.

Minayxan Jumanazarovani’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti ku’shli. Wolar bizin’ zamang’a i’layi’q ta’rbiyalang’an a’wlad boli’p jetilisiwimizge ja’rdem yetedi, ruwxi’y azi’q boladi’.

Watan ha’m watanshi’lli’q temasi’ Gu’listan Da’wletovni’n’ «Hayal elegiyasi’» atli’ qosi’g’i’nda filosofiyali’q teren’lik penen ashi’p berilgen.

Qosi’qti’n’ lirikali’q qaharmani’ni’n’ ko’z aldi’nda-ekologiyali’q dag’dari’sqa ushi’rag’an ata ma’kanni’n’ ayani’shli’ ko’rinisleri.

Aq tal shaqasi’nan u’zildi japi’raq,
Sag’i’ni’sh mali’ng’an mun’li’ a’rmani’m.
Ji’lg’a-say, salalar qalg’an qan’i’rap,

[1] Жуманазарова М. Әлўидаға айтпайман, муҳаббат. Қосықлар. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997, 36-б.

SHor ta’biyat-jetim, da’rtli si’n’ari’m...[1]

Bul jerde parallelizm usi’li’ qollani’li’p, adam menen ta’biyatti’n’ halati’ bir ko’zqarastan ali’p qarali’p berilip tur.

Lirikali’q qaharmanni’n’ kewlindegi qapali’q ta’biyatti’n’ bi’lag’ayli’ ko’rinisi menen u’nlesip turadi’. Lirikali’q qaharmanni’n’ kewli-«boz duman perde»ge worang’an bolsa, ta’biyatti’n’ halati’-aspanni’n’ nayzag’aylardan so’tilip, no’serlep ko’z jasi’n to’gip ati’rg’ani’.

«Gu’listanni’n’ qosi’g’i’n woqi’g’an adam biyta’rep qala almaydi’. Sebebi shayi’rani’n’ sezimlerge toli’ poeziyasi’ bizin’ kewil sandi’g’i’mi’zg’a jaqi’n»,- dep ko’rsetedi Q.Worazi’mbetov. Gu’listan Da’wletovani’n’ qosi’qlari’nda adam ta’g’diri problemasi’ basli’ wori’nda turadi’. Bul wo’zi tuwi’li’p wo’sken ma’kani’ni’n’ mashg’alalari’, adamzat da’rti menen jasaytug’i’n shayi’rani’n’ tebirenisleri. Ma’selen, «Hayallar» qosi’g’i’ndag’i’ mi’na qatarlar ali’mni’n’ joqari’dag’i’ pikirin toli’q tasti’yi’qlaydi’.

Jarti’ qabi’rg’adan jaralg’an ma’rtim,
Qi’yi’sti’rg’an qi’yi’n turmi’sti’n’ sha’rtin,
Baq-da’wlet, quwani’sh, qayg’i’ ha’m da’rtin
Qapqa sali’p arqalag’an hayallar[2].

Watan ha’m xali’q problemasi’, watanshi’lli’q temasi’ Gu’listan Da’wletovani’n’ u’lken shayi’rli’q sheberlik penen ji’rlap ati’rg’an temalari’ni’n’ biri. Wol shi’n ma’nisinde wo’z watani’ni’n’, wo’z xalqi’ni’n’ patriot-watanshi’l qi’zi’, patriot-watanshi’l shayi’rasi’.

Insanni’n’ yel-xalqi’ ha’m watani’ aldi’ndag’i’ pari’zi’-shayi’rani’n’ ji’rlawg’a sharshamaytug’i’n temasi’.

To’rt ren’ lipasli’ kelbetlisen’ sen,
Alti’n g’a’ziyneli da’wletlisen’ sen,
Suwlar tolqi’p aqsa-sha’wketlisen’ sen,
Ha’mmmege birdeysen’, Ana Jer –Ana[3],

[1] Дәўлетова Г. Сениң дәртиң менен жасайман ҳаял! Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 26-б.
[2] Дәўлетова Г Бул да сонда, 27-б.
[3] Дәўлетова Г. Бул да сонда, 10-б.

dep ji’rlaydi’ wol wo’zinin’ «Ana Jer-Ana» qosi’g’i’nda. Bunda lirikali’q qaharmanni’n’ tuwg’an jerine degen mehir-muhabbatti’, ayri’qsha bir su’yinishi sheber su’wretlengen. Al shayi’rdi’n’ «A’miwda’ryag’a shag’i’ni’w» qosi’g’i’nda

Jer Anami’z duzdan ko’rpe jami’ldi’,
Burqi’p aqqan suwlari’n’di’ sag’i’ndi’,
Duz shan’lari’n juwi’p a’ziyz jurti’mni’n’,
Ko’rset, Jayhun, doynag’i’n’da bari’n’di’[1],

degen qatarlardi’ keltiriw arqali’ yelimizdegi ekologiyali’q apatshi’li’q woqi’wshi’g’a ayri’qsha bir emocionalli’q ta’sirshen’lik formada sa’wlelengen.

A’debiyatti’n’ barli’q janrlari’nda avtor turmi’sli’q materialdi’ wo’z ju’regi arqali’ wo’tkeriwi, wo’zinin’ jan sezimi menen suwg’ari’wi’ sha’rt. Bul lirikag’a da ta’n boli’p, wonda shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ni’n’ bayli’g’i’, fantaziyasi’, joqari’ adamgershilik sezimleri epikali’q shi’g’armalardag’i’day basqa personajlar arqali’ yemes, al shayi’rdi’n’ lirikali’q «meni» arqali’ beriledi. Mine, soni’n’ ushi’n shayi’r lirikada wo’zinin’ woy-sezimlerin ken’ ra’wishte sa’wlelendiredi.

Belgili teoretik L.I.Timofeevtin’ ko’rsetip bergenindey, lirikani’n’ wo’zinshelligi sonda, wol epos ha’m dramadag’i’day adamni’n’ toli’q tamamlang’an xarakterin yemes, al woni’n’ ayi’ri’m, biraq yen’ tiyisli a’hmiyetli jag’dayi’n su’wretlep beredi. Insan wo’miri woni’n’ tuwi’lg’an topi’rag’i’nan, wo’z xalqi’nan, woni’n’ tu’sinik du’nyasi’nan, ana tilinen sag’alar aladi’. Ha’r bir insan wo’z yeli-xalqi’, watani’ menen baxi’tli’. Bul jag’day a’sirese shayi’r ta’g’dirinde ayri’qsha ko’zge taslanadi’. Ko’rkem shi’g’arma woqi’wshi’g’a wo’zinin’ ideyali’q-emociyali’q tutasli’g’i’ menen ta’sir jasaydi’. Usi’ tutasli’q saqlanbag’an jerde woni’n’ woqi’wshi’ni’n’ sezim du’nyasi’na ta’siri bosan’laydi’. Adamni’n’ go’zzalli’qqa bolg’an qushtarli’g’i’n qanaatlandi’ri’w ha’m woni’ ko’rkemlik a’lemine yengizip jiberiw-a’debiyattti’n’ estetikali’q ku’shine baylani’sli’. Usi’ wo’zinshelik shayi’r qi’zlardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’nda ayqi’n bayqaladi’.

[1] Дәўлетова Г. Сениң дәртиң менен жасайман ҳаял! Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 17-б.

Shayi’r G.Nurlepesovani’n’ «Tuwi’lg’an jer», «Yelliksen’», «Awi’li’m-qi’z taxti’m» qosi’qlari’nda Watan–insanni’n’ kindik qani’ tamg’an topi’raq, woni’ kamalg’a keltirgen, wo’mirine ma’n’gi mazmun bag’i’sh yetken teberik ma’kan si’pati’nda uli’g’lanadi’. Shayi’rdi’n’ «Watan» degen qosi’g’i’nda shayi’r da’wirdin’, wo’mirdin’ ta’shwishleri, millet, yel, xali’q, Watan ta’g’diri haqqi’ndag’i’ lirikali’q qaharman tolg’ani’slari’ menen woqi’wshi’g’a woy saladi’:

Suw tan’qi’sli’g’i’nan qi’ynalsa yelim,
Daqi’l wo’nbey kewip qalsa da jerim.
Mehir-muhabbetim tasqi’nlap menin’,
Seni shi’n ju’rekten su’yemen, Watan! (42-b).

Qosi’qta tek watang’a degen ishki-sezimlerin ko’rsetilip g’ana qoymastan, ekologiyali’q apatshi’li’q ma’selesi, adamni’n’ insani’yli’q pazi’yletleri de wo’z sa’wlesin tapqan:

Duzli’ shan’g’i’t mazami’zdi’ alsa da,
Arali’m tarti’li’p suwsi’z qalsa da,
Ta’biyat ne qi’yli’ za’wlim salsa da,
Qushag’i’n’da ma’ngi qalaman, Watan!
Sag’an sadi’q perzent bolaman, Watan (43-b.)

Shayi’r ushi’n watan tu’sinigi ha’mme na’rseden qa’dirli. Lirikali’q qaharman bul watanni’n’ i’ssi’si’nda ku’yse de, ekologiyali’q dag’dari’s sebepli qi’yi’nshi’li’qqa dus bolsa da, ba’ribir wog’an sadi’q yekenligi attan ani’q bilinip turadi’.

Watan temasi’ndag’i’ qosi’qlardi’ shayi’r P.Mi’rzabaeva do’retiwshiliginde de ushi’ratami’z. Usi’ ko’zqarastan woni’n’ «Xalqi’m menin’», «Sag’i’ni’sh toli’ qa’lbim», «Watan» qosi’qlari’ di’qqatqa i’layi’q. Shayi’r Watan-onda wo’mir su’riwshi insanlar menen qa’dirli yekenin woqi’wshi’g’a wo’zinin’ qi’yi’nnan qi’yi’sti’ri’lg’an qatarlari’ menen jetkermekshi boladi’. Qaran’i’z:

Bir u’lke bar topi’rag’i’ alti’ng’a ten’,
Adamlari’ dalasi’nday peyili ken’,

Miynet dese tayar turg'an, yerki bekkem,
Maqtani'shi'm-za'berdessen', xalqi'm menin'[1].

Bul qatarlar arqali' shayi'rda tuwi'lg'an jerine bolg'an patriotli'q sezimlerine qosa, ana Watang'a degen maqtani'sh sezimlerinin' berilgenligin ko'remiz.

Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'nda muhabbat temasi'na arnap jazi'lg'an qosi'qlari' ha'r ta'repleme di'qqatqa i'layi'q. Bul temani'n' milliy a'debiyati'mi'zda sa'wleleniwi bay a'debiy da'stu'rge iye. Awi'zeki a'debiyati'mi'z benen klassikali'k a'debiyati'mi'zda muhabbat qosi'qlari'ni'n' a'lwan tu'rleri bar[2]. Bulardi' Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'nda da ushi'ratami'z. Ma'selen, P.Mi'rzabaevani'n' bul da'wirdegi muhabbat lirikasi' wo'zinin' biyta'kirarli'g'i', woriginalli'g'i', girshiktey pa'k sezimlerge bayli'g'i' menen ayi'ri'li'p turadi'. Shayi'rdi'n' «Hawazi'n' telefon arjag'i'nedag'i'», «Jalg'i'zgenem», «Baxi't uri'si' dep…», «Muhabbati'mnan», «Jayg'aspay jani'mni'n'», «Da'rwazan' aldi'nda», «Posalarg'a ko'mgen demler…», «Hayallardi'n'», «Sen tawlardi' su'yesen'», «Bir bulaqti' an'sayman», «Izleymen seni», «Senin'» h.t.b. qosi'qlari'n muhabbat lirikasi'ni'n' jaqsi' u'lgileri dewge boladi'. Bul qosi'qlarda lirikali'q qaharmandi' ba'rinen de buri'n yar jamali', woni'n' mehir-muhabbati' muptala yetedi. Bul jolda wog'an qa'legen du'nyawiy tosqi'nli'qlar: wo'sek so'zler, jastag'i' ayi'rmashi'li'q, jala-ba'lamatlar, milliy mintalitettin' shegaralari' irkinish bola almaydi'. Sonli'qtan da «Baxi't uri'si' dep…» qosi'g'i'ndag'i' lirikali'q qaharmanni'n':

…Shi'g'ari'p aldi'm men shadli' demlerdi,
Ha'mme tu'sine bermes kewli kemlerdi,
Jani'mni'n' jarti'si' wo'zin'de ketti,
Shala jan bop ju're alsam netti?[3]

–dep tolg'ani'wlari' woni'n' lirikali'q kewil keshirmelerinin' teren'liginen da'rek beredi. XX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'n izertlewshi S.Axmetov: «Poeziyag'a 60-

[1] Мырзабаева П. Бахыт урысы деп… Қосықлар//«Әмиўдәрья», 2000, №6, 70-б.
[2] Классикалык әдебияттағы муҳаббат лирикасының жанрлық өзгешелиги ҳаққында әдебиятшы Қ.Жәримбетов дыққатқа ылайық пикирлерди ортаға таслаған. Қараңыз: Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы.Нөкис: «Билим», 2004, 106-122-бб.
[3] Мырзабаева П. бул да сонда. 65-б.

ji'llarda kelip kirgen shayi'rlardan Sh.Seyitov, T.Ma'tmuratov, T.Qabulov, K.Raxmanov tvorchestvosi'nda muhabbat lirikasi' A'jiniyaz da'stu'rin rawajlandi'rmaqta»[1]-dep bildirgen bolsa, bu'gingi ku'ni shayi'r P.Mi'rzabaeva poeziyasi'nda da usi' a'debiy da'stu'r i'layi'qli' turde dawam yettirilip, muhabbat temasi' sheberlik penen ji'rlang'anbaqta. Woni'n' «Muhabbati'mnan» qosi'g'i'ndag'i':

Pa'k i'shqi'm, sap i'shqi'm kewlin'e jetsin,
Kewlin'di ja'ne de ra'wshan yetsin.
O'tirik-o'sekler wo'rtenip pitsin,
Sag'an degen wotli' muhabbati'mnan[2].

–degen qatarlardan lirikali'q qaharmanni'n' wo'z muhabbati'n ha'mme na'rseden u'stin qoyatug'i'nli'g'i', woni' du'nyadag'i' ha'mme jamanli'q atawli'dan joqari' tutatug'i'nli'g'i' bilinip turadi'. Lirikali'q subekt yar kewlin ra'wshan yetiwdi yen' basli' maqset dep woylaydi'. P. Mi'rzabaevani'n' lirikali'q shi'g'armalari'ni'n' tiykarg'i' temasi'-bul muhabbat. Shayi'ra wo'zinin' ko'rkemlik sheberligin usi' muhabbat temasi'ndag'i' qosi'qlari'nda ayqi'n ko'rsete aldi' dep ayti'wg'a boladi'.

P. Mi'rzabaevani'n' qosi'qlari'nda ji'rlang'an muhabbat-bul ma'zi jalan'ash sezimlerdin' ta'riypi yemes, al, ulli' maqsetler ha'm a'rmanlar menen jasap ati'rg'an janlardi'n' ju'rek du'rsildisi. Ma'selen, biz woni'n' «Menin' jan'saq qa'demimdi...» dep baslanatugi'n qosi'g'i'n analizlep qarayi'q.

Menin' jan'saq qa'demimdi
A'piw yetsin bosag'an'.
Sezimlerim qa'lbimdegi
Arnaladi' tek sag'an.

Qosi'q yeki adamni'n' wo'zara pinhami' mu'na'sibetinin' ta'riypinen baslanadi'. Lirikali'q qaharman ashi'g'i'ni'n' u'yine biyma'writ bari'p qoyg'an. Barmawi' kerek yedi. Sebebi wol bala-shag'ali' adam. U'yinde nekelesken hayali'

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 85-б
[2] Мырзабаева П. Бахыт урысы деп… Қосықлар//«Әмиўдәрья», 2000, №6, 66-б.

bar. Mine, bul lirikali’q qaharmanni’n’ atlamawi’ kerek bosag’adan atlawi’-woni’n’ jan’saq qa’demi.

Uli’wma, P.Mi’rzabaevani’n’ «A’miwda’rya» jurnali’nda (2000, №6) ja’riyalang’an qosi’g’i’ni’n’ ko’pshiligi muhabbat temasi’na arnalg’an boli’p, wolardi’n’ barli’g’i’n derlik ha’zirgi da’wirindegi qaraqalpaq muhabbat lirikasi’ni’n’ jaqsi’ u’lgileri dep bahalawg’a boladi’.

Ha’zirgi da’wir milliy lirikami’zg’a salmaqli’ u’les qosqan shayi’r M.Jumanazarovani’n’ poeziyasi’nda muhabbat temasi’ndag’i’ qosi’qlari’ ko’pshilikti quraytug’i’nli’g’i’ woni’n’ «A’lwidag’ aytpayman, muhabbat» atli’ toplami’nan da sezilip turadi’. Wondag’i’ qosi’qlardi’n’ basi’m ko’pshiligi muhabbat temasi’na quri’lg’an. Shayi’rdi’n’ muhabbat temasi’na arnap jazi’lg’an «A’lwidag’ aytpayman, muhabbat», «Ju’regim ha’m seni izlep», «Muhabbat haqqi’nda tolg’aw», «Umi’tpa jani’m», «Seni sag’i’ndi’m», «Wo, muhabbat», «Su’ygenin’ biykar», «Su’wretin’de aylani’p suwg’a» h.t.b. qosi’qlari’ ha’r ta’repleme di’qqatqa i’layi’q. Mi’sali’:

Qanli’ jasi’m ag’ar ko’zimnen,
Beze almadi’m wo’zim-o’zimnen,
Wo’rtenemen da’rtli sezimnen,
Wo, muhabbat, muhabbat[1].

Yamasa, «Su’ygenin’ biykar» qosi’g’i’nda:

Muhabbatsi’z wo’mir misli zindanday,
Kewil sarayi’n’a quli’p urg’anday.
Bag’da sha’menlerdi qi’raw shalg’anday,
I’shqi’si’z, du’nyag’a kelgenin’ biykar[2].

-degen wo’zine ta’n ko’rkem forma arqali’ shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ muhabbattag’i’ qayg’i’li’ sezimlerin ji’rlaydi’. Muhabbat temasi’n su’wretlewde shayi’r bir ta’replemelikten qashadi’. Wol lirikali’q qaharmanni’n’ ha’r qi’yli’ sharayattag’i’ sezimin ha’r qi’yli’ su’wretlew qurallari’, ha’r qi’yli’ usi’llar menen

[1] Жуманазарова М. Әлўидағ айтпайман муҳаббат. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997, 38-б.
[2] Жуманазарова М. Сонда 37-б.

beriwge umti’ladi’. Sonli’ktan da bul temag’a shayi’rdi’n’ ko’plegen qosi’qlari’ arnalsa da, wol woqi’wshi’ni’ zeriktirmeydi. M.Jumanazarova muhabbatqa sadi’qli’q penen «Tu’slerin’e kiremen yele…» h.t.b. qosi’qlari’ poeziyami’zda muhabbat temasi’ni’n’ ji’rlani’wi’na u’les qosti’.

Uli’wma shayi’r M.Jumanazarovani’n’ muhabbat temasi’ndag’i’ qosi’qlari’nda qurg’aq shawqi’m, ku’ydim jandi’m si’yaqli’ qatarlar ushi’raspaydi’. Al, kerisinshe a’piwayi’ muhabbat sezimi sag’i’ni’sh, wo’tkinshi jasli’q haqqi’ndag’i’ woylari’ menen ushlasi’p ketedi.

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’nda ekologiya temasi’, a’sirese Aral apatshi’li’g’i’ temasi’ ayri’qsha wori’ndi’ iyeleydi.

Aral mashqalasi’ bul bizin’ ja’miyetimiz tariyxi’nda tubalawshi’li’q da’wiri dep atalg’an waqi’tta payda bolg’an ha’m ko’pshilikti u’lken tolg’ani’sqa salg’an ma’sele boli’p tabi’ladi’. Bul mashqala-ja’miyet penen ta’biyatti’n’ rawajlani’w ni’zamli’li’g’i’n tu’sinbewshiliktin’ na’tiyjesinen kelip shi’qqani’ ba’rshemizge ma’lim.

Tubalawshi’li’q da’wirinde adamzatti’n’ woylawi’nda, psixologiyasi’nda bir ta’replemelik kelip shi’qti’. Aral ten’izi itibarsi’zli’qti’n’ saldari’nan quri’y basladi’, buni’n’ sebebi, A’miwda’rya ha’m Si’rda’ryani’n’ suwi’n ha’dden ti’sqari’ i’si’rapkershilik penen paydalani’wdi’n’ na’tiyjesi yekenligi si’r yemes[1]. Bul na’rse bizin’ shayi’rlari’mi’z do’retiwshiliginde de belgili iz qaldi’rdi’.

M.Jumanazarova belgili da’rejede Aral ta’g’dirine baylani’sli’ qosi’qlari’ menen Aral mashqalasi’n, woni’n’ awi’r aqi’betlerin ko’terip shi’qti’. Ma’selen, shayi’rdi’n’ «Yelim dep yen’iremesen’» toplami’nda «Arali’m» qosi’g’i’ berilgen.

Wonda lirikali’q qaharmanni’n’ Aral tag’dirin woylap qayg’i’rg’an sezimleri berilgen. Aral ten’izinin’ quri’p barati’rg’anli’g’i’, usi’ sebepli shayi’rdi’n’ hu’jdan azabi’nda qi’ynali’wi’ h.t. basqa ma’seleler boli’p tabi’ladi’. Aral ten’izinin’ bunday ayani’shli’ jag’dayi’na lirikali’q qaharman qatti’ qi’ynaladi’, ayrali’q sezimine beriledi. Mi’sali’:

---

[1] Бул ҳаққында қараңыз: Әбдирахманов О. Аралым–дәрим мениң.–Таңламалы шығармалары. Тошкент: «Фан», 2010. 340-450-бб.

Qayti’w bolg’an da’ryamday,
Qum boldi’ menin’ ju’regim.
Jetim qalg’an baladay,
Jag’ada biyhal tur yedim.

Biz keleshek a’wladqa,
Sho’ldi inam yetemiz be?
Biz ten’izdi quri’tti’q dep,
Yerten’ ayti’p ketemiz be?[1]

Shayi’r Aral ten’izinin’ bunday awhalg’a tu’siwindegi sebepshiler–bular sol da’wirdegi yel basqari’wshi’lar yekenligin ashi’q aydi’n aytadi’. Shayi’r G.Da’wletovani’n’ «Hayal elegiyasi’» atli’ qosi’g’i’nda filosofiyali’q teren’lik penen ashi’p berilgen.

Qosi’qti’n’ lirikali’q qaharmani’ni’n’ ko’z aldi’nda-ekologiyali’q dag’dari’sqa ushi’rag’an ata ma’kanni’n’ ayani’shli’ ko’rinisleri.

Aq tal shaqasi’nan u’zildi japi’raq,
Sag’i’ni’sh mali’ng’an mun’li’ a’rmani’m.
Ji’lg’a-say, salalar qalg’an qan’i’rap,
SHor ta’biyat - jetim, da’rtli si’n’ari’m...

Bul jerde parallelizm usi’li’ qollani’li’p, adam menen ta’biyatti’n’ halati’ bir ko’zqarastan ali’p qarali’p berilip tur.

Lirikali’q qaharmanni’n’ kewlindegi qapali’q ta’biyatti’n’ bi’lag’ayli’ ko’rinisi menen u’nlesip turadi’. Lirikali’q qaharmanni’n’ kewli-«boz duman perde»ge worang’an bolsa, ta’biyatti’n’ halati’-aspanni’n’ nayzag’aylardan so’tilip, no’serlep ko’z jasi’n to’gip ati’rg’ani’.

Ja’ne bir ko’riniste-aydi’nda ju’zip ju’rgen jubi’ joq aq quwdi’ ko’remiz. Wonnan son’g’i’ ko’rinis-sellerdi qomsap ati’rg’an sho’listan...

[1] Жуманазарова М. Елим деп еңиремесең (Қосықлар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992, 38-б.

Bul obrazlar adamdag'i' ha'm ta'biyattag'i' dag'dari's halati'n beriw ushi'n isletilgen. Negizinde, adam menen ta'biyat - yegiz tu'sinik, yeger ta'biyat zardap shegip ati'rsa-adam jetimsireydi, adam qi'ynali'p ati'rsa-ta'biyat qosi'li'p azap shegedi... Qosi'qtan, mine, usi'nday filosofiyali'q woy jo'nelisleri an'g'ari'ladi'.

Sel-sel jamg'i'r jawar ti'nbay no'serlep,
Sarg'ayar aq tallar, ju'rsem wo'ser dep,
Japi'rag'i'n jollari'ma to'ser ko'p,
U'mit shashbawlari'm so'gilip ketti,
Janardan merwert shi'q to'gilip ketti...

Araldi'n' ashshi' shan'lari'n jutqan jawi'nni'n' suwi'nan sarg'ayi'p ati'rg'an aq tal japi'raqlari' lirikali'q qaharmanni'n' ayag'i'ni'n' asti'na to'selip ati'r-bul metaforali'q dizbekte adam ha'm ta'biyatti'n' yetene baylani'si' u'lken shayi'rli'q sheberlik penen ashi'p berilip tur. «U'mit shashbawlari'm so'gilip ketti...// Janardan merwert shi'q to'gilip ketti....» Bul qatarlardag'i' metaforali'q su'wretlewler ju'da' ta'sirli ha'm ma'nili.

Gu'listan Da'wletovani'n' poeziyasi'ndag'i' metaforalardi'n' ta'sirliligin a'debiyatshi' Q.Worazi'mbetov duri's ko'rsetip bergen yedi. «Gu'listan Da'wletovani'n' qosi'qlari'nda quramali' metaforag'a qursang'an qatarlar da, sezimlerin'di ji'mbi'rlati'p, senin' sanan'a a'ste-aqi'ri'n sin'ip sag'an ha'z beretug'i'n ba'ytler de, uyqi'li'-oyaw woti'rg'an adamg'a muzday suw serpkendey ta'sir jasaytug'i'n ba'ntler de bar»,- dep jazadi' ali'm.

«Aral ari'wi'ni'n' monologi'» Gu'listan Da'wletovani'n' ayri'qsha shayi'rli'q da'rt ha'm tolg'ani's penen jazi'lg'an shi'g'armalari'ni'n' biri.

Nur taysalg'an duz jalag'an ju'zimnen,
Qum jami'lg'an mi's ren'li gu'zin'men,
U'skini quyi'li'p ko'siler Aral,
Jan halatta mun'li' bag'i'p izimnen...

Mine, bul qatarlarda Aral tragediyasi' wo'zinin' adamlardi'n' ta'g'dirine keltirgen apati'-aqi'betleri menen toli'q ashi'p berilip tur.

Bul qosi’qti’n’ derlik ha’r bir qatari’ metaforali’q ha’m obrazli’ su’wretlewlerden ibarat.

Adamni’n’ ha’m ta’biyatti’n’ g’a’rip halati’n ko’riwden taysalg’an quyash nuri’ni’n’ obrazi’.

Qanati’ qayri’lg’an qus obrazi’.

Bosag’ada worali’p turg’an sho’l ji’lani’ni’n’ obrazi’.

Qa’pestegi qus obrazi’.

Shayi’ra bul ayani’shli’ su’wretlerdi ko’rip turi’p, woni’ aytpay turi’wg’a puqarali’q, shayi’rli’q hujdani’ jol qoymaytug’i’ni’n bi’lay aytadi’.

Bul so’zimdi son’g’i’ demde aytpasam,
Ishte qali’p qumg’a saya bola maw

Xali’qti’n’ da’rti ayti’lmasa-shayi’rdi’n’ tiline shi’qpasa, qumg’a saya bola ma, dep jani’g’adi’ shayi’r. Qanday ku’shli qatarlar. Qumg’a saya islewdin’ za’ru’rligi joq - bul biyhuwda islengen istin’ obrazi’. Sonday-aq shayi’r xali’qti’n’ da’rtin so’ylemese-wol biyhuwda is penen shug’i’llani’p ati’rg’ani’. Xalqi’mi’zda «awi’ri’wi’n jasi’rg’an wo’ledi» degen ga’p bar. Shayi’ra, mine, usi’ naqi’ldi’ na’zerde tuti’p, Araldi’n’ xali’qti’n’ basi’na salg’an qulpeti, pu’tin bir xali’qti’n’ ekologiyali’q apatti’n’ zardabi’n shegip ati’rg’anli’g’i’-ayti’li’wi’ kerek haqi’yqat, sonda g’ana adamlardi’ bul apatti’ jen’iw ushi’n ha’reketke bag’darlawg’a boladi’, degen u’lken puqarali’q, watanshi’lli’q juwmaq jasaydi’.

Uli’wma alg’anda, Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’nda ekologiya temasi’ ha’r ta’repleme su’wretlengenligin ko’remiz. Qi’sqasi’, shayi’r shi’g’armalari’ndag’i’ ekologiya temasi’n arnawli’ izertlew bizge wolardi’n’ poeziyasi’ni’n’ ashi’lmay ati’rg’an qi’rlari’n an’lawg’a ja’rdem beredi dep woylaymi’z.

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’nda a’dep-ikramli’li’q problemasi’n ko’tergen qosi’qlar, yag’ni’y aqi’l-na’siyat temasi’ndag’i’ qosi’qlarda belgili wori’ndi’ iyeleydi.

Pa’tiyma Mi’rzabaevani’n’ «Qansha qari’zi’m bar, buni’ bilmeymen» dep baslanatug’i’n qosi’g’i’ mi’naday boli’p juwmaqlanadi’:

Xali’qti’n’ ko’p na’rsege mu’ta’j ko’kiregi
Bos besikke megzeydi: wog’an
Pa’k na’reste kibi qosi’qlar kerek,
Jalg’an ji’lamayi’q, ku’lmeyik jalg’an,
Adam boli’p jasayi’q da’slep.

Adamgershilik, haqi’yqatshi’lli’q-Pa’tiyma Mi’rzabaevani’n’ ko’p g’ana lirikali’q shi’g’armalari’ni’n’ tiykarg’i’ temalari’ boli’p tabi’ladi’.

**Hujdan temasi’**-Minayxan Jumanazarovani’n’ shi’g’armalari’ ushi’n basli’ temalardi’n’ biri. Hujdanli’li’q-bul insap penen,adamgershilik penen jasaw degen so’z. Yag’ni’y hujdanli’ adam birewge bilqastan jamanli’q islemeydi. Yeger bir jerde qa’te is islep qoysa, hujdanli’ adam keshirim soraydi’. Bul qa’tesin du’zetiwge ha’reket yetedi. Bulay yetpese, hujdanli’ adamni’n’ jani’ qi’ynaladi’. Bul hujdan azabi’ dep ayti’ladi’. Wog’an arsi’zli’q qusag’an qa’siyetler jat. Hujdanli’ adam-ju’regi taza, qoli’ taza adam. Shayi’ra wo’zinin’ hujdan temasi’ndag’i’ shi’g’armalari’nda, mine, usi’ tu’siniklerdi beredi.

Minayxan Jumanazarova usi’nday woqi’wshi’ni’n’ kewline woy salatug’i’n qosi’qlari’ arqali’ hujdan temasi’n shayi’rli’q sheberlik penen ashi’p beredi. Bul shi’g’armalardi’ woqi’g’an, wonnan ta’sirlengen woqi’wshi’lar wo’z wo’mirin mazmunli’ yetip jasawg’a, hujdanli’ boli’p is tuti’wg’a umti’lari’ so’zsiz.

Minayxan Jumanazarova wo’zinin’ do’retiwshilik joli’, wo’z temalari’ ha’m shayi’rli’q stili menen aji’rali’p turadi’. Shayi’ra a’sirese hujdan, adamgershilik, ar-nami’s, insap-iymanli’li’q temalari’na ko’p qa’lem terbetedi. Bul shi’g’armalarda wol Berdaq, A’jiniyaz, Ayapbergen Muwsaev, Ibrayi’m Yusupov si’yaqli’ klassik shayi’rlari’mi’zdi’n’ joli’n dawam yetip, jas a’wladti’n’ ta’rbiyasi’na paydali’ aqi’l-na’siyatlar beredi. Mine, usi’ jag’i’nan Minayxan Jumanazarovani’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti ku’shli. Wolar bizin’

zamang'a i'layi'q ta'rbiyalang'an a'wlad boli'p jetilisiwimizge ja'rdem yetedi, ruwxi'y azi'q boladi'.

Shayi'r M.Jumanazarovani'n' socialli'q-ja'miyetlik ko'z-qarastan u'lken ha'm salmaqli' ideyalardi' alg'a su'riwshi «Qa'sterlep saqlan'lar bir-birin'izdi» atli' qosi'g'i' arqali' ayri'qsha u'ndew jasap, xalqi'mi'zdi' bir pu'tinlikke, awi'zbirshilikke shaqi'radi'. Wondag'i' mi'naday qatarlar patiotli'q si'patlari'ni'n' basi'mli'li'g'i' nama menen sheber atqari'li'w arqali' ko'pshilikke u'lken ta'sir qaldi'rdi' ha'm woqi'wshi'si'na mi'naday na'siyatlar beredi:

Du'nya-o'tkinshidur, du'nya-aldamshi',
Qa'sterlep saqlan'lar bir-birin'izdi.
Men, men!- dep ko'kirek kere bermen'ler,
A'za'zu'l, shug'i'lli'q so'zge yermen'ler,
Hasla abi'raydi' qoldan bermen'ler...
Qa'sterlep saqlan'lar bir-birin'izdi.
Wo'zin'di sher bilsen', basqani' zor bil,
Ha'mme de wo'zin'dey, wo'zin'e ten' bil...

Bul nag'i'z bu'gingi ku'nnin' didaktikali'q ideyalari' sin'dirilgen qatarlar boli'p tabi'ladi'. Shayi'r usi'laysha buri'ng'i' milliy ko'rkem poetikali'q da'stu'rlerimizdi jan'a da'wirge say jan'g'i'ti'p, wolardi' bu'gingi zamang'a muwapi'qlasti'ri'p wo'z waqti'nda paydalang'ani' ha'r ta'repleme a'hmiyetli boli'p yesaplanadi'. Biz bul jerdegi shayi'rani'n' na'siyatlari'na kewil bo'lsek, woni'n' menmenlikten, shug'i'lli'qtan, wo'zimshillikten awlaq boli'wg'a shaqi'ri'p turg'anli'g'i'n ko'remiz. Bul illetler tek bu'gingi bizlerdin' yemes, yerten'gi a'wladti'n' da joli'na kes boladi', dep jwmaq shi'g'aradi' shayi'ra. Soni'n' ushi'n bir-birewge hu'rmet-izzet penen qatnas jasaw, mu'riwbetli, si'ylasi'qli' turmi's keshiriw, bir-birimizdin' qa'dirimizdi bilip jasaw-adamgershilik pari'zi'mi'z deydi wol. Mine, bul ga'plerde jas bolsa da ko'pti ko'rgen, ko'p na'rseni tu'singen, wo'mirdin' ashshi'-dushshi'si'n tatqan,

du’nyani’n’ barli’q ta’shwishlerin ju’reginen wo’tkerip jasap ati’rg’an insanni’n’-shayi’rani’n’ jan tolg’ani’slari’n ko’remiz.

M.Jumanazarovani’n’ lirikali’q shi’g’armalari’nda xalqi’mi’zdi’n’ wo’tmishtegi hasi’l ul-qi’zlari’ adamgershiliktin’, hujdanli’li’qti’n’, insapli’li’qti’n’ simvollari’ si’pati’nda su’wretlenedi. Yag’ni’y bizin’ Tumaris, Gu’layi’m si’yaqli’ mamalari’mi’z, Alpami’s, Yernazar si’yaqli’ babalari’mi’z insan boyi’ndag’i’ ag’la qa’siyetlerdin’, pazi’yletlerdin’ ti’msali’ boli’p qala beredi. Sonli’qtan shayi’ra usi’ ulli’ tulg’alarg’a murajat yetedi. Bu’gin arami’zda sonday ulli’ insanlardi’n’ boli’wi’n a’rman yetedi. Yeldin’ Alpami’stay, yernazarday ag’alari’ bolsa, yelde a’dalat, hujdan zamani’ wornaydi’, dep paraz yetedi shayi’ra. Sonli’qtan da wol «Men Alako’zdi ko’rdim tu’simde» qosi’g’i’da

Qoli’nda qi’li’shi’, sawi’t iyninde,
Yernazar alako’z keldi u’yime.
–Minay, tur worni’n’nan, yergil keynime,
Dedi de tan’sa’ha’r tutti’ qoli’mnan.
Bilemen, haqsi’zli’q-kewil qapan’ bar,
Ma’n’gu’rler da’stinen shekken japan’ bar,
Erksiz bul ja’ha’n sag’an innen tar,
Wo’tmishke zibani’n’ jetti, a’ziyzim[1].–dep jazadi’.

Wo’tmishtegi yeldin’ ari’n arlag’an ulli’ bati’ri’mi’z bu’gingi da’wirdin’ adami’na yel ushi’n pidayi’li’qta mennen u’lgi al, mendey yeldin’ ari’na shap, dep yeles beredi.

Ku’ndelikli turmi’sti’n’ g’almag’allari’, jetim-jesirlerdin’, joq-juqalardi’n’ basi’ndag’i’ qi’yi’nshi’li’qlar, wo’mirdegi a’dalatsi’zli’qlar- barli’g’i’ shayi’rani’ jansebil boli’p jaqsi’li’qqa shaqi’ri’p jasawg’a umti’ldi’radi’.

Shayi’ra yen’ bolmasa bir adamni’n’ bolsa da kewline jaqsi’li’q uri’g’i’n sebealsam, men baxi’tli’ shayi’ra bolar yedim deydi.

Men septim kewlin’e jaqsi’li’q nuri’n,
Miyrim-sha’pa’a’ti wo’lmegey-da’, dep...

[1] Жуманазарова М. Әлўидаға айтпайман, муҳаббат. (Қосықлар). Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997, 10-11-бб.

«Men septim...» qosi’g’i’nan
Sol ushi’n shayi’rman men,
Da’rtimdi xatqa salg’an... «Ja’llat qolda qi’li’shi’»

Qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ ta’biyati’ndag’i’ adamgershilik pazi’yleti Gu’listan Da’wletovani’n’ ko’p g’ana qosi’qlari’ni’n’ temasi’. Wol bul temani’ joqari’ ko’rkemlikte ashi’p bere aladi’.

«Beyishten worni’n’di’ tabasan’, hayal», «Qarli’g’ash yeken qi’z bala», «Ha’zireti hayal», «Gu’laysha apa», «Men qi’zi’man qaraqalpaq xalqi’ni’n’», «Qi’zlari’ bar xalqi’mni’n’», «Quwat ber sen, Tumarisa anajan», «Hayal elegiyasi’», «Hayallar», «Baxi’tti’ ku’tiwden jali’qpan’, hyalllar», «Estelik wornati’n’ hayalg’a», «Ma’rdana hayal», «Mun’las qus qarli’g’ash», «A’ziyzim ana», «Mehirdin’ bag’i’ wo’zin’, a’japa», «Ana g’az tuwrali’ ballada», «Aral ari’wi’ni’n’ monologi’», «Qa’lbimdegi ha’ykel», «Qi’zi’n’man» si’yaqli’ qosi’qlari’nda bul tema milliy ma’deniyati’mi’zdi’n’ ruwxi’nda ku’shli detallar ha’m su’wretlew qurallari’ arqali’ ashi’p berilgen.

Juwmaqlasti’ri’p aytqanda, ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’nda ideyali’q-tematikali’q ha’rqi’yli’li’q ta’n. Wolarda a’sirese, bu’gingi ku’n problemalari’ sheber tu’rde ko’terilgen. Lirikali’q qosi’qlarda publicistikali’q si’pat penen lirizm qari’si’p ketken ha’m wo’zinin’ estetikali’q ta’sirin ku’sheytken. Shayi’rlardi’n’ pikirleri filosofiyali’q teren’ligi, awi’spali’ ma’nisi, simvolikali’q obrazlarg’a bayli’g’i’ ayi’ri’li’p turadi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ shayi’rlardi’n’ talanti’ni’n’, mashaqatli’ izlenislerinin’ jemisi boli’p tabi’ladi’.

## II Bap. Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligi

## II.1. Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligin izertlewdin’ geypara ma’seleleri

Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde a’debiy janrdi’n’ ta’biyati’, rawajlani’w evolyuciyasi’, woni’n’ jazi’wshi’ni’n’ niyeti, do’retiwshilik wo’zgesheligi menen baylani’si’ haqqi’nda di’qqatqa i’layi’q ilimiy-teoriyali’q ko’zqaraslar menen pikirlerdi ja’mlegen miynetler jari’q ko’rdi[1]. Usi’ ko’zqarastan g’a’rezsizlik da’wirinde jari’q ko’rgen K.Ma’mbetovti’n’ «A’debiyat teoriyasi’», Q.Ja’rimbetovti’n’ «A’debiyattani’wdan sabaqlar» miynetleri di’qqatqa i’layi’q. Q.Ja’rimbetovti’n’ ko’rsetiwinshe, «Janr-bul turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem su’wretlewdin’ bari’si’nda jazi’wshi’ (shayi’r) niyet yetken ideyalardi’ beriwdin’ usi’llari’ni’n’ biri. Yeger jazi’wshi’ turmi’s haqi’yqatli’g’i’n, wo’zinin’ ideyasi’n waqi’yalardi’ su’wretlew, yag’ni’y syujetler arqali’ bermekshi bolsa, wonda wol su’wretlewdin’ epika tu’rin tan’laydi’. Yeger so’z ustasi’ wo’zinin’ aytajaq ideyasi’n ishki sezimler, ruwxi’y keshirmeler arqali’ ta’sirshen’ formada bermekshi bolsa, wonda wol a’debiyatti’n’ lirika tu’rine murajat yetedi. Solay yetip turmi’s shi’nli’g’i’n ruwxi’y keshirmelerdi ko’rkem sa’wlelendiriw boyi’nsha ha’r bir a’debiy tu’rdin’ (janrdi’n’) wo’zine ta’n ko’rkemlik mu’mkinshilikleri, su’wretlew qurallari’nan paydalani’w usi’llari’, qullasi’, ha’r bir janrdi’n’ wo’zine ta’n turaqli’ ko’rkemlik qag’i’ydalari’ qa’liplesedi. A’debiy tu’rdi, janrdi’ duri’s tan’law, janrdi’n’ mu’mkinshiliklerinen duri’s paydalani’w shi’g’armani’n’ quni’n ko’terip jazi’wshi’ni’n’ sheberligin artti’radi’»[2]. Belgili a’debiyatshi’ ali’mni’n’ ko’rsetkenindey: «…shi’g’armani’n’ qaysi’ a’debiy tu’rge (epos, lirika, drama) tiyisliligine qaray woni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri ani’qlanadi’»[3]. Demek biz bakalavr-qa’niygelik jumi’si’mi’zda ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q wo’zgesheligin qarasti’ri’wi’mi’zg’a baylani’sli’ lirikag’a ha’m liro-epikag’a kiretug’i’n janrlardi’

---

[1] Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987; Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис: «Билим», 1995. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012.

[2]. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012, 28-b.

[3] Ja’rimbetov Q. Сонда, 29-b.

avtorlardi’n’ ne ushi’n tan’lag’anli’g’i’, bundag’i’ tiykarg’i’ sebepler, woni’n’ tariyxi’y, ko’rkem-estetikali’q ha’m ja’miyetlik-siyasiy da’rekleri jo’ninde pikir ju’ritiw maqsetke muwapi’q boladi’.

Ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ janrli’q sistemasi’na itibar berip qarag’ani’mi’zda wolardi’n’ tiykari’nan lirika ha’m liro-epika tu’rine kiretug’i’n janrlarda qa’lem terbetkenliginin’ gu’wasi’ boldi’q. Ma’selen lirikani’n’ mazmun salasi’ndag’i’ tu’rleri bolg’an publicistikali’q lirika, didaktikali’q lirika, muhabbat lirikasi’, sonday-aq ta’riyp-arnaw qosi’qlari’, nali’sh qosi’qlari’ ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ do’retiwshiliginde bir qansha rawajlang’anli’g’i’n ko’remiz. Bizin’she buni’n’ bir qansha sebepleri bar. Birinshiden, lirikani’n’ ati’ atalg’an tu’rleri wo’zinin’ genetikali’q jaqtan bay da’reklerine iye: wolar awi’zeki ha’m jazba klassik a’debiyati’mi’zda da ku’shli rawajlang’an. Basqasha aytqanda awi’zeki ha’m jazba a’debiyattag’i’ bul janrli’q tu’rlerdin’ ta’jiriybesinen teren’ u’yrengen shayi’rlari’mi’z wolardi’ a’debiyatti’n’ ha’zirgi rawajlani’w basqi’shi’nda da zamanni’n’ a’hmiyetli ma’selelerin su’wretlew maqsetinde sheber paydalanbaqta. Buni’n’ u’stine ha’zirgi hayal-qi’zlar do’retiwshiliginde bul janrli’q tu’rler jan’a mazmun menen bayi’maqta. Na’tiyjede SH.Payzullaeva menen M.Jumanazarovani’n’ muhabbat ha’m nali’sh qosi’qlari’ ha’zirgi da’wir poeziyasi’nda belgili u’les boli’p qosi’lmaqta. Al, G.Da’wletova, G.Nurlepesova, P.Mi’rzabaeva ha’m A.Wo’teniyazovalar publicistikali’q, didaktikali’q, muhabbat qosi’qlari’n rawajlandi’ri’w bari’si’nda wo’zlerinin zaman talabi’na say shi’g’armalari’ menen woqi’wshi’lardi’n’ kewlinen shi’g’i’w ushi’n xi’zmet yetpekte.

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ formali’q salada da sezilerli tu’rde rawajlanbaqta. Wolardi’n’ do’retiwshiliginde yekilik, to’rtlik, g’a’zzel, terme ha’m tolg’aw qusag’an janrlardi’n’, verlibrlik formani’n’ ayi’ri’m tu’rlerin ko’riwimizge boladi’. Al liro-epika tarawi’nda bolsa poema, lirikali’q poema, tariyxi’y da’stan, dramali’q da’stan, tolg’aw, ballada h.t.b. janrlardi’n’ ko’rinislerin ushi’ratami’z. A’lbette wolardi’n’ ha’mme tu’rleri de ati’ atalg’an janrlardi’n’ qatan’ talaplari’na toli’q juwap bermegeni menen de, hayal-qi’zlar poeziyasi’

ha’zirgi a’debiyatta bul bag’dardag’i’ janrlardi’n’ rawajlani’wi’na belgili da’rejede u’les boli’p qosi’lmaqta.

Juwmaqlap aytqanda ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ndag’i’ janrlar tipologiyasi’n u’yreniw wolardi’n’ do’retiwshiliginin’ bu’gingi da’rejesin, wo’zine ta’n ko’rkemlik qa’siyetlerin ashi’wg’a ja’rdem beredi dep woylaymi’z.

## II.2. Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ janrli’q tu’rleri

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ janrli’q ko’zqarastan ra’n’be-ra’n’ligi menen ayi’ri’li’p turadi’. Wolar poeziyali’q shi’g’armalari’n tu’rlishe tematikag’a quri’wi’ menen birge usi’g’an sa’ykes janrli’q izlenislerdi de ali’p barmaqta. Na’tiyjede wolardi’n’ poeziyali’q shi’g’armalari’ ha’zirgi da’wir a’debiyati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’na qosi’lg’an salmaqli’ u’les bolmaqta. Sonli’qtan da biz jumi’si’mi’zdi’n’ bul babi’nda wolardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligine arnawli’ toqtag’andi’ maqul ko’rdik. Bunda bizge ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde poeziyami’zdi’n’ janrli’q qa’siyetlerin, wondag’i’ ko’rkem formalardi’n’ evolyuciyasi’n izertlewge belgili u’les boli’p qosi’lg’an Q.Ja’rimbetov[1] penen Q.Worazi’mbetovlardi’n’[2] monografiyalari’ndag’i’ ilimiy-teoriyali’q juwmaqlar metodologiyali’q tirek xi’zmetin atqaradi’. Bul miynetlerdegi teoriyali’q pikirlerge su’yengen halda ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’n mazmuni’ boyi’nsha didaktikali’q, publicistikali’q, ta’riyp-arnaw, nali’sh, muhabbat qosi’qlari’, formasi’ boyi’nsha yerkin qosi’qlar u’sh qatarli’ qosi’qlar, bes qatarli’ qosi’qlar, to’rtlikler ha’m t.b. tu’rlerge aji’rati’p qarawg’a boladi’.

Bul da’wirdegi hayal-qi’zlar poeziyasi’nda publicistikali’q lirika basi’m wori’ndi’ iyeleytug’i’nli’g’i’n abaylawg’a boadi’. SHayi’r qi’zlar publicistikali’q qosi’qlari’nda g’a’rezsizlik, watan ta’g’diri, millet keleshegi, Aral, A’miw apatshi’li’g’i’ problemalari’n, ja’miyetlik-siyasiy wo’zgerislerdi, socialli’q turmi’s

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы.Нөкис: «Билим», 2004; Usi’ avtor. A’debiyattani’wdan sabaqlar (woqi’w qollanba). No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2012.
[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис: «Билим», 1992. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис: «Билим», 2004. Оразымбеов Қ. Қосық теориясы. Тошкент: «Янги аср авлоди», 2008.

ma'selelerin sa'wlelendiriwge umti'ldi'. Ma'selen, N.To'reshovani'n' «Seni ji'rlayman» du'rkini, Sh.Payzullaevani'n' «Da'wir tolg'awi'», M.Jumanazarovani'n' «Qa'sterlep saqlan'lar bir-birin'izdi», G.Da'wletovani'n' «Ne qi'li'p ju'ripsiz balajanlari'm» h.t.b. bir qatar qosi'qlari' ja'miyetlik turmi'stag'i' socialli'q a'hmiyeti bar ma'selelerdi wo'z waqti'nda ha'm ashi'q tu'rde sa'wlelendirgeni menen bahali'.

Didaktikali'q lirikani'n' da bul da'wir poeziyasi'nda wo'z rawajlani'w wo'zgesheligi bar. Ma'selen, N.To'reshova, M.Jumanazarovani'n' didaktikali'q shi'g'armalari'n ayri'qsha atap wo'tiwge boladi'. N.To'reshovani'n' didaktikasi'nda hadalli'q, pa'klik, adamgershilik, kisige hazar bermew temalari' haqtan u'mit yetip jasawdi' na'siyatlaw basli' wori'ndi' iyeleydi. Bul ma'seleler woni'n' to'rtlikleri menen g'a'zzellerinde woqi'wshi'g'a ayri'qsha ta'sirli tu'rde sa'wlelengen. Al, M.Jumanarovani'n' didaktikali'q shi'g'armalari'nda bolsa shayi'rdi'n' haqi'yqatli'qti' tuwri'dan-tuwri' ayti'wg'a umti'li'si'n, qaytpas xarakterin abaylawg'a boladi'. Bul haqqi'nda a'debiyatshi' P.Nurjanov: «ol jaqsi'li'q ha'm jamanli'q, sadi'qli'q ha'm qiyanet, a'dalat ha'm jawi'zli'q, insaniyli'q ha'm insapsi'zli'q, pidayi'li'q ha'm biyparwali'q si'yaqli' a'zelden kiyati'rg'an temalarg'a u'lken itibar qaratadi'»[1]–dep duri's jazadi'.

Muhabbat lirikasi' ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'nda basli' wori'ndi' iyeleydi. Wolardi'n' bul bag'dardag'i' shi'g'armalari' lirikali'q qaharmanni'n' muhabbat sezimlerin sa'wlelendiriw boyi'nsha yerler poeziyasi'nan bir qansha aji'rali'p turadi'. Pinhami' sanalg'an bul sezim hayal-qi'zlar lirikasi'nda lirikali'q qaharmanni'n' a'lwan tu'rli woy-sezimleri, ha'r tu'rli nyuansqa toli' ima-isharalari', birese quwani'shli', birese qayg'i'li', btrese ko'terin'ki, birese tu'sin'ki keypiyatti', qullasi' ha'r ma'writ sayi'n wo'zgerip woti'ratug'i'n sezimlerin sa'wlelendiriw arqali' sheber tu'rde beriledi. Bunda ashi'qlar ishki sezimin Bati's a'debiyati'ndag'i'day ashi'qtan-ashi'q, tuwri'dan-tuwri' yemes, al, ima-isharalar arqali' ug'i'ndi'ri'wg'a ti'ri'sadi'. Lirikali'q qaharman i'shqi'-muhabbatti'n'

[1] Нуржанов П. Бәрҳәма ел-халық дәрти менен жасайтуғын шайыр.-М.Жуманазарова. Кетпек ушын келгенмен. (Қосықлар ҳәм дәстан). –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011, Алғы сөз, 3-5-бб.

tori’na qanshelli bekkem woralmasi’n, sezim woni’ ba’rhama tuwri’ jolg’a sali’p turadi’. Minet, waziypa, juwapkershilik sezimi ha’mme waqi’tta u’stinlik yetedi. Buni’ biz a’sirese M.Jumanazarovani’n’ muhabbat qosi’qlari’nan teren’ an’lawi’mi’zg’a boladi’. Mi’sali’, M.Jumanazarovani’n’ mi’na qosi’g’i’na di’qqat awdarayi’q:

Biyparwali’q tek te ni’qabi’m,
A’y, a’ziyzim, sezgeysen’ soni’,
Tek wo’zin’de kewil i’qrari’m,
Mehrimdi’ ko’zimnen tani’.[1]

Al, G.Da’wletovani’n’ «Muhabbat» qosi’g’i’nda qi’zdi’n’ ishki sezimlerin si’rtqa ti’s jari’p ayta almaw halati’ shi’g’i’s xali’qlari’ mentalitetine ta’n formada sa’wlelendirilgen. Qaran’i’z:

Kewlim si’ri’n bildirmege batpadi’m,
Beglik tuwi’n awlag’i’raq atpadi’m.
Sezimlerge tursamdag’i’ mayi’si’p,
Bir awi’z so’zin’e juwap qatpadi’m.

Mudam ju’regimde seni saqladi’m,
Wo’zin’di dep so’z marjani’n taqladi’m,
Jen’gem ha’zillese qoyshi’ sonni’,-dep,
Al, pinha’mi maqtag’ani’n jaqladi’m[2].

Ha’zirgi hayal-qi’zlardi’n’ do’retiwshiliginde ta’riyp-arnaw qosi’qlari’ da salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Wolarda watan ta’riypi, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ataqli’ bati’rlari’ni’n’, go’zzal qi’zlari’ni’n’, belgili shayi’rlari’ni’n’, yelge tani’lg’an azamatlardi’n’ obrazi’ jasalg’an. N.To’reshovani’n’ «Qaraqalpaqstani’m menin’», «Aral qi’zlari’», «Qaraqalpaq go’zzallari’», M.Jumanazarovani’n’ «Dosti’ma», G.Nurlepesovani’n’ «A’denbay ag’ag’a», «Yelliksen’», G.Da’wletovani’n’ «Gu’laysha apa», «A’rmani’n’ seni» h.t.b. qosi’qlar ta’riyp janri’ni’n’ ko’rkem

[1] М.Жуманазарова. Кетпек ушын келгенмен. (Қосықлар ҳәм дәстан). –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011, 50-б.
[2] Дәўлетов Г. Қыз тахтым. Қосықлар ҳәм поэма. –Тошкент, «Янги аср авлоди», 2009, 96-б.

talaplari'na say tu'rde jazi'lg'an. Wolarda ati' atalg'an shayi'rlardi'n' ko'rkem obraz jasawdag'i' bir-birine uqsasli'g'i' menen wo'zine ta'n ayri'qshali'qlari'n da abaylawg'a boladi'.

Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar do'retiwshiliginde peyjazli'q lirika da yelewli wori'ndi' iyeleydi. Avtorlar ba'ha'r, jaz, gu'z pasli'ndag'i' ma'wsimlik wo'zgerislerdi sa'wlelendiriw arqali' insan wo'mirinin' ma'nisi menen mazmuni', jasawdan maqset haqqi'nda si'r shertedi. Ayri'qsha atap wo'tetug'i'n na'rse, qi'zlar poeziyasi'nda ji'l pasi'llari' arqali' insandag'i' muhabbat tuyg'i'si'ni'n' woyani'w, ayrali'q, sag'i'ni'sh ma'writleri sa'wlelendiredi. M.Jumanazarovani'n' lirikasi'nda jaz ha'm ba'ha'r pasli'ndag'i' ta'biyat muqamlari', G.Da'wletova lirikasi'nda ba'ha'r pasli', A.Wo'teniyazova qosi'qlari'nda gu'z i'rg'aqlari' arqali' insandag'i' muhabbat sezimleri tuwrali' si'r shertiledi.

Ha'zirgi da'wiri hayal-qi'zlar poeziyasi'nda ko'rkem forma salasi'ndag'i' izlenislerdin' jemisin de ko'riwge boladi'. Wolardi'n' shi'g'armalari'n formasi' boyi'nsha yeki qatarli' qosi'qlar, u'sh qatarli' qosi'qlar, to'rtlikler, bes qatarli' qosi'qlar, terme-tolg'aw formasi'ndag'i' qosi'qlar, g'a'zzeller h.t.b. tu'rlerge aji'rati'wg'a boladi'.

Yeki qatarli' qosi'q u'lgisinde G.Nurlepesovani'n' «Abaylan a'zizler adamni'n' kewli» qosi'g'i' jazi'lg'an.

Insanni'n' kewli-hasli'nda appaq,
Kewildin' nag'i'si'-su'ymek, jaratpaq.

Kewil-ken' du'nyadur ten'ew tabi'lmas,
Kewiller ken' bolsa du'nya tari'lmas[1].

Bes qatarli' qosi'qlarg'a G.Da'wletovani'n' «Ja'ne ba'ha'r keldi», «Tumarisa anajan», «A'ziyzim watan» qosi'qlari' mi'sal boladi'.

To'rtlikler ha'zirgi hayal-qi'zlar poeziyasi'ni'n' janrlar sistemasi'nda basli' wori'ndi' iyeleydi. Biraq ta ha'r bir shayi'r do'retiwshiliginde wolardi'n' bir-

---

[1] Нурлепесова Г. Ақ сағымлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 19-б

birinen wo’zgeshelew, bir-birine usamaytug’i’n tu’rlerin ushi’rati’wi’mi’zg’a boladi’. Ma’selen, N.To’reshovani’n’ ha’m G.Da’wletovani’n’ to’rtliklerin bir-biri menen sali’sti’ri’p qarag’ani’mi’zda wolar quri’li’si’ boyi’nsha bir-birinen wo’zgesherek, formasi’ boyi’nsha g’a’zzellerge jaqi’n keledi:

Dana, dana bolmas, na’zerinen qalsa samal ag’i’mi’ni’n’ sa’l-pa’l wo’zgerisi,
Bala, bala bolmas, wo’zi wo’nip shi’qqan taldi’n’ ruwx bermese terbelisi,
Lala, lala bolmas, ju’zindegi uyati’ menen a’lemge bermese shug’li’,
Basshi’, basshi’ bolmas, woylantpasa, sorami’ndag’i’ yeldin’ hali’,
ku’n ko’risi[1].

Ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’nda awi’z a’debiyati’nda ha’m klassik a’debiyati’mi’zda bay da’stu’rine iye bolg’an terme ha’m tolg’aw janrlari’nda jazi’lg’an qosi’qlar da belgili wori’n tutadi’. Usi’ ko’zqarastan N.To’reshovani’n’ «Qaraqalpaqstani’m menin’», «Jiyen ji’raw monologi», G.Nurlepesovani’n’ «Yernazar alako’z haqqi’nda tolg’aw», Sh.Payzullaevani’n’ «Da’wir tolg’awi’», M.Jumanazarovani’n’ «Yernazar alako’zdin’ pa’ryadi’», «Muhabbat haqqi’nda tolg’aw» h.t. basqa shi’g’armalari’n kirgiziwge boladi’.

Yerkin qosi’q formasi’nda jazi’lg’an qosi’qlarda ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’nda belgili wori’n tutadi’. Bul formada jazi’lg’an shi’g’armalarg’a G.Nurlepesovani’n’ «Men qosi’q jazsam…», M.Jumanazarovani’n’ «Na’reste», «Sag’i’ni’sh», «Anajan», «Ko’zler», N.To’reshovani’n’ «Men tung’i’sh ma’rte tu’n’ildim…», «A’ziyzim» du’rkinine kirgen qosi’qlari’n jatqari’wg’a boladi’.

Men tung’i’sh ma’rte tu’n’ildim,
Wo’zimnen,
Bunsha arli’ boli’p tuwi’lg’ani’mnan,
Bunsha taza boli’p tuwi’lg’ani’mnan.
Sebebi,
Bul du’nyag’a si’ymas pa’kize ruwxlar,
Bul du’nyag’a hadalli’q, insap[2].

---

[1] Төрешова Н. Әзизим. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009, 49-б.
[2] Төрешова Н. Сонда, 17-б.

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar lirikasi’nda g’a’zzel janri’ da belgili da’rejede rawajlanbaqta. Bul bag’darda N.To’reshova sezilerli tu’rde qa’lem terbetpekte. Woni’n’ yen’ son’g’i’ poetikali’q toplami’na seksenge jaqi’n shi’g’armalar kiritilgen bolsa, soni’n’ yeliwge shamalasi’ g’a’zzel formasi’nda jazi’lg’an. Wolar tiykari’nan muhabbat temasi’na arnalg’an.

Poeziyami’zdag’i’ ballada, liro-epikali’q poema, liro-dramali’q poema, dramali’q poema, da’stan janrlari’n rawajlandi’ri’wda da hayal-qi’zlari’mi’z jemisli miynet yetpekte. Ma’selen N.To’reshovani’n’ «Qi’zi’m-aw», «Tutqi’n» lirikali’q poemasi’, «Yalg’anshi’» dramali’q da’stani’, «Periyzat», «Anali’q haqqi’nda qi’ssa» shi’g’armalari’, Sh.Payzullaevani’n’ «Quyash atawi’» nasi’ri’y poemasi’, G.Nurlepesovani’n’ «Qumar ana» tariyxi’y da’stani’, M.Jumanazarovani’n’ «Su’yinbiyke» tariyxi’y tolg’awi’, A.Wo’teniyazovani’n’ «Aysultan», «Ju’reklerde bar muhabbat» poemalari’ ga’rezsizlik da’wiri poeziyami’zdi’n’ janrli’q ra’n’be-ra’n’ formada rawajlani’wi’na belgili u’les bboldi’. Shayi’rlardi’n’ liro-epikali’q shi’g’armalari’, poemalari’, da’stanlari’, qi’ssalari’, tolg’awlari’ g’a’rezsizlik da’wiri poeziyasi’ni’n’ janrli’q du’zilisinin’ bayi’wi’na xi’zmet islemekte.

N.To’reshovani’n’ «Qi’zi’m-aw» shi’g’armasi’–lirikali’q poema. Bul poemada da lirikali’q qaharmanni’n’ jeke ta’g’dirine baylani’sli’ tolg’ani’slari’, g’am–qayg’i’lari’ sa’wlelengen. Wo’zine i’layi’q wo’mirlik joldas tabi’wda aljasqani’n kesh an’lag’an Yusup joldan shi’qqan hayali’ni’n’ qoli’nda qalg’an qi’zi’ni’n’ ta’g’dirin woylap qi’ynaladi’.

Qi’zi’m-aw
Ha’zir sen qanday woydasan’,
To’rtmu’yesh diywaldan wo’tpey tur ko’zim,
Ju’regim u’ziler seni woylasam,
Ku’ldey i’di’raydi’ sonshelli ko’zim[1]. (44-b)

[1] Төрешова Н. Өзиңнен. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994, 14-б.

Yusup hayali’ni’n’ iplas islerine shi’damay u’yden shi’g’i’p ketedi. Qi’zi’ni’n’ ta’g’dine qi’ynali’p tolg’ani’p ju’rgen ku’nlerinde birden u’y betinen Xani’mni’n’ dawi’si’ shi’g’adi’. Da’rhal telefong’a juwi’ri’p miliciya shaqi’radi’, wolar ba’ngilerdi ali’p ketedi. Al, Yusup qi’zi’n wo’z qoli’na aladi’. Poemada bayai’rman a’ke obrazi’ sa’tli shi’qqan. Lirik qaharmanni’n’ ishki debdiwleri sheber su’wretlengen. Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmanni’n’ jan du’nyasi’na kire ali’w sheberligi woqi’wshi’da ayani’sh sezimlerin woyatadi’. Demek, bul na’rse avtordi’n’ shi’g’arma do’retiwdegi tabi’si’ desek arti’qmashi’li’q yetpese kerek.

Poemada syujet izbe-iz waqi’yalarg’a quri’lg’an. Al, lirik qaharmanni’n’ wo’mirindegi tragediyali’q waqi’yalarg’a baylani’sli’ woni’n’ ishki sezimleri, tolg’ani’slari’, debdiwleri berilgen. Bul na’rse poemani’n’ bayanlaw quri’li’si’nda lirikali’q si’patlardi’n’ basi’m boli’wi’na ali’p kelgen. Lirizm shi’g’armani’n’ syujetlik-kompoziciyali’q quri’li’si’ menen ko’rkem obrazlar du’nyasi’nda basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Sonli’qtan biz woni’ lirikali’q poema degen janrli’q atama menen belgilegendi maqul ko’rdik.

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’nda N.To’reshovani’n’ «Tutqi’n» poemasi’ da avtordi’n’ belgili tabi’si’ boli’wi’ menen qatar, milliy poeziyami’zdi’n’ janrli’q jaqtan jetilisiwin de xi’zmet isledi. Bul shi’g’arma liro–dramali’q poemani’n’ janrli’q talabi’na juwap beredi. A’lbette, bul shi’g’armag’a ta’n janrli’q belgiler qaraqalpaq poeziyasi’ ushi’n jan’ali’q yemes. Qaraqalpaq poemashi’li’g’i’nda dramali’q si’patka iye poema yen’ da’slep I.Yusupov qa’leminen do’regen yedi. Keyingi da’wirde woni’n’ «Ma’n’gi bulaq», T.Ma’tmuratovti’n’ «Jaqsi’ adamni’n ju’regi», «Menin’ juldi’zi’m» shi’g’armalari’ payda boldi’. Wolar tek ati’ atalg’an shi’g’armalardi’n’ g’ana yemes, al pu’tkil qaraqalpak poeziyasi’ni’n’ u’lken tabi’slari’ni’n’ biri boldi’.

Liro-dramali’q poemalardi’ si’patlaytug’i’n tiykarg’i’ janrli’q qa’siyetler ayri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. Bunda ko’pshilik poemalardag’i’day ha’diyseni bayanlaw da, lirikali’q sheginis te, qaharmanni’n’ ha’diysege qatnasi’ da, avtordi’n’ waqi’yag’a bergen bahasi’ da bar boladi’. Demek bul tiptegi poemalar aralas janrdi’n’ bir tu’ri. Liro-dramali’q shi’g’arma da syujetke,

personajlarg'a baylani'sli' avtordi'n' qatnaslari' da, qaharmanni'n' woy-sezimleri de, ruwxi'y tolg'ani'slari' da berilip baradi'. Sonday-aq avtor wo'z qaharmanlari'ni'n' is-ha'reketlerine wo'zinin' katnasi'n ashi'qtan-ashi'q bildirip, wolardi'n' ta'g'dirine aralasi'p ta woti'ra beredi. Buni' usi' tiptegi poemani'n' janrli'q ta'biyati' ko'teredi. Ma'selen, N.To'reshova wo'zinin' «Tutqi'n» poemasi'nda bul aralas janrdi'n ken' mu'mkinshiliklerin do'retiwshilik penen paydalani'wg'a umti'lg'an. Poemada lirikag'a ta'n sezimler, qi'ynali'w ha'm wo'kinishler, epikag'a ken' masshtabli'li'q penen sonshelli da'rejede biriktiriledi, wolardi' aji'rati'w mu'mkin bolmay qaladi'. Degen menen poemada qaharmanni'n' ishki ruwxi'y halati'n su'wretlew bul poemada wo'zgeshe tu's aladi'. N.To'reshova shi'g'armani'n' syujetlik jelisi menen lirikali'q sezimlerdi saxnali'q ko'rinis formasi'nda, dialog u'lgisinde bergen. Yeger de poemani'n' usi' kompoziciyali'q wo'zgesheligin yesapqa alsaq, «Tutqi'n»ni'n' liro-dramali'k poema yekenligi aydi'nlasadi'. Avtordi'n' wo'zi «Tutqi'n»di' dramali'q poema dep ko'rsetedi. Degen menen shi'g'armada lirikali'q sheginisler arkali' qaharmanni'n' wo'mirindegi keskin momentler woni'n' ilim joli'ndag'i' mashaqatli' demleri, ruwxi'y dramatizmi, sezimler gu'resi berilgenligi, basqasha aytqandalirikali'q qa'siyetler dramali'q halatlar menen uyg'i'nlasqan formada su'wretlengenligi shi'g'armani' bizge liro-dramali'q poema dep atawg'a tiykar boladi'. Demek «Tutqi'n» shi'g'armasi' liro-dramali'q poemani'n' talabi'na juwap beredi degen so'z. Shi'g'arma basqaharman Ziyadani'n' ruwxi'y dag'dari'slari'n, quwani'wi' menen wo'kiniwlerin woni'n' wo'z tilinen bayanlaw menen baslanadi':

…Qulaq qoymaw kerek yedi a'zelden
Part boli'p ketse de hesh bir so'zine,
Ko'rinbewim kerek yedi ko'zine
Ko'rinbegenimdi qi'ldi' ma?
Qayda qashsam, shi'g'ap turar joli'ma…[1]

[1] Төрешова Н. Тутқын. Драмалық поэма//«Еркин Қарақалпақстан», 1993, 11-декабрь. (yendigi mi'sallar usi' gazetadan ali'nadi').

Avtor Zi’yadani’n monologi arkali’ woqi’wshi’ni’ qaharman ni’n’ ruwxi’y dag’dari’slari’ menen tani’sti’radi’, woni’n’ qi’yi’n, quramali’ jag’dayi’ menen wortaqlasti’radi’. Daniyar menen Ziyadani’n’ arasi’ndag’i’ dialoglar yeslew formasi’nda beriledi. Yeki balani’n’ anasi’ boli’p u’lgergen Zi’yadani’n’ basqa bir yerkekke bolg’an muhabbati’ shan’araqti’ shaypaldi’radi’, perzentlerdin’ ha’mkiyewinin’ ju’reginde wo’shpes iz qaldi’radi’. Kiyewi Qabi’l menen balalari’n woylap qanshelli ki’ynalsa da Ziyadani’n’ woysi’z ha’reketi woqi’wshi’ni’n’ woysi’z ha’reketi, shan’araq aldi’ndag’i’ juwapkershilik sezimlerin sezinbewi woqi’wshi’da qanday da bir narazi’li’qti’ woyatatug’i’nday. Woni’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’ndag’i’ perzentlerine degen anali’q mehri menen jalg’an muhabbat sezimler arasi’ndag’i’ gu’restin’ avtor ta’repinen sheber beriliwi shi’g’armani’n’ konfliktin keskinlesiwine xi’zmet yetedi.

Aqi’li’m lal boli’p, baylandi’m qaldi’m,
Tiriley dozaqta wo’rtendim jandi’m,
Woni’n’ so’zlerine isenbedim hesh,
Meni tamam yetti ishki bir gu’res,
Ko’rmeymen desem de yeriksiz ko’rsetti,
Aqi’ldan ayi’ri’p da’rdeser yetti.

Poemadag’i’ waqi’yani’n’ I-betten bayanlani’wi’, lirikali’k sheginisler yeslew formasi’nda qaharman wo’tmishinin’ beriliwi menen saxnag’a beyimlestirip, keskinlestirilip dialoglardi’n’ birigip ketiwi shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheliginen da’rek berip turg’anday. Poema syujetinin’ qaharmanni’n qaharmanni’n’ waqi’yalardi’ yeslew formasi’na quri’li’wi’ avtordi’n’ sheberliginen da’rek beredi. Bul usi’l arkali’ avtor qaharmanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n, psixologiyasi’n ashi’p beriwge umti’ladi’. Shi’g’armadag’i’ konfliktlerdin’ isenimliligine tiykar boladi’.

N.To’reshovani’n’ «Yalg’anshi’» shi’g’armasi’ bolsa janrli’q jaqtan da’stan-dramani’n’ talabi’na juwap beredi. Wo’ytkeni wondag’i’ waqi’yalar mazmuni’ ha’m bayanlaw usi’li’ boyi’nsha usi’ janrdi’n’ ko’rkem qa’siyetlerine say keledi. SHi’g’armadag’i’ dramali’q si’patlar waqi’yalardi’q kompoziciyali’q jaqtan

saxnali’k kartinalarg’a, ko’rinislerge tiykarlani’p jaylasti’ri’li’wi’ bizge usi’lay juwmaq jasawg’a tiykar boladi’ ko’rinedi. Bul haqqi’nda a’debiyatshi’ Q.Turdi’baev: «Shi’g’armag’a a’debiy qaharmanni’n’ belgili bir sheklengen wo’mir jollari’ ali’nsa da, wonda u’sh da’wir: sovetlik, ja’riyali’li’q ha’m g’a’rezsizlik ji’llari’ sheberlik penen qamti’lg’an. Su’wretlew usi’llari’ menen a’debiy qaharmanni’n’ wobarzi’n jarati’w principleri «da’stan-drama»ni’n’ janrli’q-stillik talabi’na juwap beredi. Do’retpenin usi’nday janrli’q stillik si’patlarg’a iye boli’wi’nda avtordi’n’ diniy-filosofiyali’q ha’m psixologiyali’q woy-pikirlerge ayri’qsha a’hmiyet berip su’wretlewi de sebepshi bolg’an»[1],–dep jazadi’. Haqi’ykati’nda da shi’g’arma kopoziciyasi’ndagi’ barli’q komponentlerdin’ a’debiy saxnag’a maslasti’ri’li’p, avtordi’n’ tu’sindiriwleri (remarkalari’), qaharmanlardi’n’ dialoglari’ tu’rinde beriliwi wog’an dramali’k si’pat berip tur. Bul jag’i’nan «Yalg’anshi’» shi’g’armasi’ I.Yusupovti’n’ «Aktrisani’n’ i’g’bali’», «Ma’n’gi bulaq», T.Ma’tmuratovti’n’ «Jaqsi’ adamni’n’ ju’regi», «Juldi’zi’m menin’» shi’g’armalari’na jaqi’n keledi. Ja’ne de bul janrli’q tu’r avtor do’retiwshiliginde birinshi ta’jiriybe yemes. Joqari’da biz tallap wo’tken «Tutqi’n» shi’g’armasi’ da usi’ janrli’q talaplar tiykari’nda ju’zege kelgen. Sol shi’g’arma si’yaqli’ «Yalg’anshi’» shi’g’armasi’nda da avtor da’slep waqi’ya qatnasi’wshi’lari’ haqqi’nda mag’li’wmat beredi. Sonday-aq da’stan-dramada saxnali’q shi’g’armadag’i’ si’yaqli’ syujetlik waqi’yalar, epizodlar, kirisiw, bo’limler, ko’rinis, juwmaqqa aji’rati’li’p berilgen. Kirisiw ha’m juwmaq tikkeley avtordi’n’ woylari’nan ibarat boli’p, al ko’rinislerde avtordi’n’ waqi’yalarg’a, personajlarg’a qatnasi’, ko’zqarasi’ lirikali’k sheginisler tu’rinde «avtor» tilinen berilip woti’ri’ladi’. Mi’sali’, avtor Ahmed haqqi’nda

Anaw wo’spirim de solardi’n’ biri,
Shayi’rli’q xi’zmeti shegine tu’sken,
Kewlin jari’q yetip Allani’n’ nuri’,
Pernishte kewilli wortada wo’sken,
Sumli’q ne, aldaw ne, tu’sinbeydi wol.

[1] Turdi’baev Q. G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’. –No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2011, 28-b.

Bul shi’g’arma usi’nday janrli’q belgileri menen ga’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’nda jan’asha tu’r si’pati’nda wori’n iyeleydi.

G.Ibragimovani’n’ «Jaqsi’li’q yet –da’ryag’a tasla» poemasi’ da balalar poemasi’na qosi’lg’an jan’ali’q boldi’. Poema hind xali’k an’i’zi’ tiykari’nda jazi’ladi’. Shomi’li’wg’a barg’an shaxzada suwg’a i’g’i’p ketedi. Wo’rden kiyati’rgan bo’reneni qarmap ali’p, dawi’ldan qashkan torg’ay, dawi’nnan qashqan ti’shqan u’shewi pana tabadi’. Buni’ da’rya boyi’nda shopan si’rtqa shi’g’aradi’. Keterinde ti’shqan bir tal murti’n, torg’ay bir pa’rin juli’p beredi. Al, shaxzada til ushi’nan wa’de yetip ketedi. Shopan bir ku’nleri wolardi’ si’nag’i’si’ keledi. Sonda ti’shqan da, torg’ay da wo’z wa’desinde turadi’. Al, shaxzada aldi’na barg’an shopandi’ mise tutpay, jaqsi’li’qqa jamanli’q yetedi. Dar asti’nda turg’an shopan haqi’ykatli’qti’ xali’qqa ashkara yetedi ha’m barli’k xali’qti’ baslap xandi’ taxtan awdaradi’. Worni’na shopan patsha boli’p yelde a’dillik hu’kim su’redi.

Jaqsi’li’q yet–da’ryag’a tasla,
Quday isin’di won’g’arsa,
Da’wlet qusi’ baska qonar,
Degen naqi’l qalg’an yeken.

-dep juwmaq shi’g’aradi’.

Shayi’r poemani’ balalar talg’ami’na say, wolardi’n’ tilinde jazadi’. Poema karaqalpak balalar poeziyasi’na qosi’lg’an jan’ali’qlardan yesaplanadi’.

N.Tilewovani’n’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’nda 1996-ji’li’ jari’q ko’rgen «Aytari’m bar» qosi’qlar toplami’na kirgizilgen «Ju’rek jarasi’» nasi’ri’y poemasi’ da di’qqatqa i’layi’q. Poemada tariyxi’mi’zdi’n’ awi’r demlerinde yelden ketip, Watan gedayi’na aynalg’an lirikli’q qaharmanni’n’ tragediyasi’ jan’a, wo’zgeshe bir ruwxta beriledi. Avtordi’n’ lirikli’q qaharmanni’n’ basi’nan keshirgenlerin, woni’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n keshken woy keshirmelerin teren’ psixologiyali’q su’wretlewler arqali’ sa’wlelendiriwde avtor poetik anafora menen ritmikali’q, sintaksislik, leksikali’q parallelizmlerden sheber paydalanadi’:

«Wol ayti’ni’p ji’lap woti’ri’p wo’z yelinen, tuwg’an tuwi’sqani’nan juda yetip, til bilmegen, ko’z ko’rmegen bir jurtqa qan’baqtay qan’g’alati’p aydap

aparg'an tag'dirine na'let aytti'. Wol ji'lap woti'ri'p wo'mirinin' ko'bi ketip, az qalg'anda, «bir ayag'i' go'rde, bir ayag'i' jerde» turg'an bendelik shag'i'nda wo'zge jurtta yemes, wo'z yelinin', tuwi'lg'an jerdin' topi'rag'i'n nesip yettirgen ta'g'dirine i'rza boldi', raxmet aytti'». (69-b)

Ko'rip turg'ani'mi'zday sintaksislik ta'kirarlawlar arqali' qaharmanni'n' ruwxi'y keshirmelerindegi bir-birine qarama-karsi' sezim tuyg'i'lardi' ju'zege shi'g'ari'w maqsetinde avtor sheberlik ko'rsetken.

O'zbek a'debiyatshi'si' A.Rustamovti'n' aytqani'nday, «Nasi'ri'y asarlarda saj asosiy rol wynaydi. Sebebi usi' saj sabapli wo'lshemlik ani'q dawi'sli'li'q ju'zege shi'g'i'p, derlik barmaq sistmasi'ndag'i' qosi'qlarg'a ten'lesip qaladi'. Belgili bolg'ani'nday saj–«so'ylewge tu'rli mug'dar ha'm da'rejede hu'sn bag'i'shlaytug'i'n»[1]–ishki uyqasli'q boli'p, wol Shi'g'i's xali'qlari' klassik nasi'ri'nan bekkem wori'n alg'an su'wretlew qurali' boli'p yesaplanadi'. Wol so'ylemnin' ayri'qsha ta'sirli boli'wi'na xi'zmet yetedi. Qosi'qta uyqas, wo'lshem ha'm basqa da poetikali'q elementler birgelikte keledi. Al da'stu'riy prozada bolsa wo'lshem joq. Wonda tek uyqasi'qlar bar.Saj nasi'ri'y tilden poeziya tiline wo'tiw arali'g'i'nda bir basqi'sh[2],–boli'p tabi'ladi'.

N.Tilewovani'n' ha'zirgi woqi'wshi' talg'ami'na maslasti'ri'li'p qollani'lg'an nasi'ri'y shi'g'armadag'i' saj usi'llari' poemag'a ayri'qsha mazmun, ritm muzi'kali'li'q berip tur.

«Qasi'na jaki'nlap kelmegen adam woni'n' yegitilip ji'lap woti'rg'ani'n, yaki ju'zlerin ba'ha'r jawi'ni'na juwi'p ati'rg'anli'g'i'n bilmes yedi. Al, kelgende de, jasi' jetpisti alki'mlap qalg'an, ju'zlerin a'jin basqan aqsaqalli' g'arri'ni'n' jer menen ten' bolgan go'ne du'mpeshik qa'birdin' topi'rag'i'n qi'si'mlap, «Anajani'm dep ji'lap woti'rg'ani'n ko'rse, beter hayrani' shi'g'ar yedi» (68-b).

Bul Watan gedayi'li'g'i'nan quti'li'p, «Anajan» dep qa'bir basi'nda woti'rg'an lirik qaharmanni'n' portreti. Won jasi'nda ta'g'dir aydawi'nda g'ayri' yellerge jol algan Nuratdin wol waqi'tta tuwg'an jer sag'i'ni'shi', watan sezimi

[1] Рустамов А. Сўз ҳусусида сўз. Тошкент: 1987, 14-б.
[2] Камилов Н. Бу қадимий санъат. Тошкент: 1988, 123-б.

degendi bilmes yedi. U’lken bir ka’rwan boli’p, yel shetine kelgende Shi’raz g’arri’ bir qi’si’m topi’raq ali’p yeli menen xoshlasadi’. Sol topi’raqti’ woni’ jerlew ma’resiminde tabi’ti’ni’n’ u’stine shashadi’. Sol waqi’tta Nuratdin bul a’ziyz tuyg’i’ni’ sezinedi:

«Sol-sol yeken aqshamlari’ qi’yal qu’si’m sen taman qanat qaqti’. A’rmanlari’m sag’an ulasti’. Sag’i’ni’sh jaslari’ ko’pshigimdi ho’l yetti…» (71-bet).

Sh.Payzullaevani’n’ «Quyash atawi’» shi’g’armasi’ da proza tilinde bayanlang’an. Poemada «Ju’rek jarasi’» shi’g’armasi’ndag’i’ si’yaqli’ proza ha’m poeziya aralas keledi. Bayanlaw stili prozali’q shi’g’armalarg’a jaqi’n keledi. Wonda qaharmanlardi’n’ ishki sezimleri, kewil tolg’ani’slari’, tebirenisleri, poeziya tili menen su’wretlenedi. Qaran’i’z:

Awa, da’stan deydi «Alpami’s»ti’ jurt,
Ba’lki bir qi’yali’y do’regen deser,
Menin’ qi’yali’mda a’tirap ji’m-ji’rt,
Bolg’an waqta birden no’ser baslanar,
Qosi’la almayman qi’yali’y dewge,
Yaq, wonda nami’s bar, hu’jdan bar, ar bar,

---

Wonda sap i’shqi’ni’ qoyg’an girewge,
Bati’r bar, yel de bar, su’yikli yar bar[1].

Poemadag’i’ prozali’q bayanlawlar, su’wretlewler stillik jaqtan novellani’n’ stiline jaki’n. Wonda ritorikali’q woborotlardi’n’, poetikali’q elementlerdin’ az isletiliwi, sezimnen go’re epikali’q waqi’yani’n’ basi’mli’li’g’i’n ko’rsetedi. Bul bolsa wo’z gezeginde shi’g’armani’n’ waqi’yali’q tiykarlari’ni’n’ lirikali’q qa’siyetlerden go’re u’stin yekenligin an’latadi’. Bul na’rse belgili da’rejede shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheliginen da’rek berip turg’anday.

«Men adamlardi’n’ arasi’nda boli’w, ha’tte wolardi’n’ na’zerinde turi’w ushi’n umti’ldi’m. Wolarg’a barli’g’i’m menen de ko’ringim keledi. Wol bolsa

[1] Пайзуллаева Ш. Қуяш атаўы. Насырый поэма//«Қарақалпақстан жаслары», 2000, 8-март, №10.

yedi. Men pu’tkil barli’g’i’mdi’ wog’an sari’plar yedim. Duri’s mende ko’p na’rse bar. Jumi’s, abi’roy, ma’rtebe… leykin, ku’ndelikli tirishilik… Ba’lki kimdur mendey bolmaqqa ha’wes yeter. Biraq si’rtqi’ ko’zge solay–da’! Al wo’zim… Tek alg’a yen’terilip ha’reket yetemen. Pu’tkil aqi’l-huwshi’m, barli’g’i’m soni’n’ menen ketti».

Bunday prozali’q bayanlawlar wondag’i’ qosi’qlardi’ bir-biri menen baylani’sti’ri’w xi’zmetin atqari’p turg’anday seziledi. Haqi’yqati’nda da solay. Son’g’i’ sheshim de qosi’q qatarlari’nda beriledi.

«Quyash atawi’» poemasi’n tallay woti’ri’p, wondag’i’ tiykarg’i’ wo’zgeshelik poeziya menen prozani’n’ aralasi’p keliwi, su’wretlewge qarag’anda bayanlawshi’li’qti’n’ basi’mli’li’g’i’, toli’q ishki ritmliliktin’ bolmawi’,–bulardi’n’ barli’g’i’ shi’g’armani’n’ poema janri’ni’n’ talabi’na mas tu’rde jazi’lg’anli’g’i’nan da’rek beredi.

Qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ bu’gingi rawajlani’w bari’si’nda belgili wori’ng’a iye M.Jumanazarovani’n’ «Su’yinbiyke», G.Nurlepesovani’n’ «Qumar ana» shi’g’armalari’ wolardi’n’ g’a’rezsizlik da’wirindegi liro-epikali’q bag’darda do’retken da’slepki ta’jiriybeleri boli’p tabi’ladi’. Usi’g’an qaramastan wolardi’n’ bul ko’rkemlik turmi’s shi’nli’g’i’n jan’a janrdi’n’ imkaniyatlari’na i’layi’q su’wretlewge umti’li’p ati’rg’anli’g’i’n an’latadi’. Bul yeki shi’g’arma tariyxi’y wo’tmish waqi’yalari’n janlandi’ri’wi’ ha’m xalqi’mi’zdi’n’ ma’rt ha’m aqi’lli’ hayal-qi’zlar obrazlari’n jarati’wi’ menen bir-birine tematikali’q jaqtan jaqi’n keledi. G.Nurlepesovani’n’ «Qumar ana» janri’ boyi’nsha-tariyxi’y da’stan. Haqi’yqati’nda da, shi’g’armani’n’ baslani’wi’, wondag’i’ waqi’yalardi’n’ bayanlani’wi’, syujetlik quri’li’si’, qaharmanlar obrazlari’ni’n’ jarati’li’wi’ jag’i’nan da’stan janri’ni’n’ talaplari’na sa’ykes keledi. Mi’sali’, shi’g’armani’n’ tiykarg’i’ qaharmani’ Qumar anali’qti’n’ du’nyag’a keliwi to’mendegishe bayanlanadi’:

Mi’n’ jeti ju’z sekseninde,
Tariyxti’n’ wo’shpes ku’ninde,
Bir qi’z du’nyag’a kelipti,

Yesengeldi ma’hremnin’ u’yinde.
Qumar ana qoydi’ woni’n’ ati’n,
Du’zetip bar saltanati’n,
Betin qaqpay wo’siripti,
Biyik tuti’p inabati’n.

Wo’zi sonday aqi’l boldi’,
So’z so’ylese naqi’l boldi’,
Qumar ana kelgende kamalg’a,
Ko’rgen jang’a maqul boldi’. (73-74-betler)

Shi’g’arma kompoziciyali’q quri’li’si’ jag’i’nan won bo’limnen ibarat. Wol waqi’yalardi’ bayanlani’w usi’li’ ha’m qosi’q quri’li’si’ jag’i’nan Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» da’stani’n yeske tu’siredi. Yag’ni’y qosi’q qatarlari’ 7-8 buwi’nnan qurali’p, wondag’i’ waqi’yalar segizinshi bo’limge deyin wo’tken ma’ha’l feyili formasi’nda bayanlanadi’. Al, keyingi bo’limlerde bolsa Qumar anali’qti’n’ ha’m bati’r tuwg’an yernazardi’n’ bu’gingi jaslarg’a ha’m keleshek a’wladqa u’lgi yetetug’i’n ma’rtlik isleri ta’riyplenedi.

M.Jumanazarovani’n’ «Su’yinbiyke» shi’g’armasi’na avtordi’n’ wo’zi ta’repinen tariyxi’y tolg’aw dep janrli’q atama beriledi. Degen menen, bul shi’g’arma bizge yerte da’wir a’debiyati’nan tani’s bolg’an tolg’aw janri’nan pu’tkilley pari’q qi’ladi’. Sebebi kompoziciyali’q jaktan shi’g’armani’n’ qosi’q qatarlari’ 10-11 buwi’nnan qurali’p, yeki qatari’ wo’z-ara uyqasi’p keledi.

Mang’i’t Yusup Mi’rzani’n’ qi’zi’, –9 (a)
Qi’z yemes aspanda jang’an juldi’zi’, –11 (a)
Su’yinbiyke suli’w mindi taxtqa, –10 (b)
Jetkeriw ushi’n xalqi’n baxtqa. –10 (b)

Tariyxi’y tulg’a Su’yinbiyke obrazi’na baylani’sli’ waqi’yalar ta’riyplew tu’rinde bayanlang’an. Bul shi’g’arma mazmuni’ jag’i’nan «Wormanbet biy» tolg’awi’ ha’m xali’q qosi’g’i’ «Qaraqalpaq» shi’g’armalari’na u’nlesedi. Wolardan pari’q yetetug’i’n ta’repi sonnan ibarat, milliy tariyxi’nda teren’ iz

qaldi’rg’an bul hayal qaraqalpaqti’n’ ma’rt, bati’r qi’zi’ si’pati’nda ko’terin’kilik penen suwretlenedi:

Qazanda ati’n’a sali’ng’an minar,
Su’yinbiyke ati’n’di’ uli’g’lap turar,
«Su’yinbiyke» atli’ jurnal shi’g’arg’an,
Ha’r bir shan’araqqa ziya taralg’an.
Qaraqalpaq tariyxi’n’da ati’n’ bar,
Shejirede jazi’p ketken xati’n’ bar. [1]

Juwmaqlap aytqanda, hayal-qi’zlar poeziyasi’nda formasi’ da’stu’riy to’rt qatarli’ qosi’qlar tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeledi. Wolar mazmuni’ boyi’nsha publicistikali’q lirika, muhabbat lirikasi’ni’n’ ha’r qi’yli’ u’lgileri, nali’sh qosi’qlari’, ta’riyip qosi’qlari’ h.t.b. Al formasi’ boyi’nsha yekilik, to’rtlik, beslikler, g’a’zzeller, muashshaqlar terma formasi’ndag’i’ qosi’qlar ushi’rasadi’. Qosi’q quri’li’si’ boyi’nsha 7-8 buwi’nli’ yamasa 10-11 buwi’nli’ boli’p, qosi’q qatarlari’ni’n’ uyqasi’ ha’r qi’yli’. Shayi’rlardi’n’ liro-epikali’q shi’g’armalari’ ha’r qi’yli’ tematikada jazi’li’p, wolardi’n’ poema, da’stan, tolg’aw, qi’ssa si’yaqli’ janrli’q tu’rlerinde g’a’rezsizlik da’wiri poeziyami’zdi’n’ janrli’q ra’n’be-ra’n’ tu’rde rawajlani’wi’ga xi’zmet yetpekte.

[1] Жуманазарова М. Кетпек ушын келгенмен (Қосықлар ҳәм поэма). Нөкис: «Қарақалпақстан», 2012, 14-б.

## Juwmaq

Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi' a'debiyati'mi'zda wo'zinin' belgili worni'na iye. Wol a'sirese 1980-ji'llardi'n' II yari'mi'na kelip wo'zinin' ani'q ideyali'q-tematikali'q bag'dari'na, janrli'q-stillik wo'zgesheligine, qaharman obrazi'n jasaw boyi'nsha biyta'kirar joli'na iye boli'p u'lgerdi. Bul n'a'rse a'sirese g'a'rezsizlik da'wirine kelip ja'ne de ani'g'i'raq, ja'ne de ku'shlirek ko'zge taslana basladi'. Usi' ko'zqarastan N.To'reshova, M.Jumanazarova, Sh.Payzullaeva, P.Mi'rzabaeva, G.Nurlepesova, G.Da'wletova, A.Wo'teniyazova h.t.basqalardi'n' do'retiwshiligi ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi'nda jan'asha bir bag'dar qa'lipleskenliginen da'rek berip turadi'. Buni'n' u'stine keyingi da'wirde Qaraqalpaqstanda jasap, wo'zbek tilinde do'retiwshilik penen shug'i'llani'wshi' G.Matyakubova, G.Raximova, N.Matyakubova h.t.basqa da shayi'rlar usi' jerdin' xalqi', ta'kirarlanbas ta'biyati', dan'qli' wo'tmishi, ana jurt, ha'r tu'rli millet ha'm xali'qlar arasi'ndag'i' dosli'q ha'm birge islesiw ha'm t.b. ma'seleler jo'ninde di'qqatqa i'layi'q poeziyali'q shi'g'armalar jazbaqta. Demek wolardi'n' poeziyali'q shi'g'armalari'n de qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' mu'lki si'pati'nda qarawg'a toli'q tiykar bar degen so'z. Demek, qaraqalpaq ha'm wo'zbek tilinde do'retiwshilik penen shug'i'llani'wshi' qi'zlar milliy poeziyami'zda jan'asha ideyali'q-tematikali'q, janrli'q-stillik bag'darlardi'n' rawajlani'wi'na xi'zmet yetpekte.

–Ha'zirgi poeziyada a'sirese, lirikali'q shi'g'armalarda publicistikali'q ruwx ayri'qsha ko'zge taslanbaqta. Bul na'rse hayal-qi'zlar poeziyasi'nda da ayri'qsha ko'zge taslanbaqta. Wo'ytkeni ja'miyettegi keskin siyasiy wo'zgerisler, ruwxi'y-ma'deniy, socialli'q turmi's salalari'ndag'i' adam menen ta'biyatti'n' wo'z-ara qatnasi'ndag'i' mashqalalar shayi'rlardi'n' lirikali'q shag'armalari'ni'n' wo'tkirligin ta'minlemekte. Sonli'qtan da publicistikali'q lirika ha'zirgi da'wir poeziyasi'ni'n' aldi'n'g'i' sheginde ju'rmekte.

–Ha'zirgi qaraqalpaq hayal-qi'zlar poeziyasi'nda da a'yyemnen kiyati'rg'an iyman-insap, hu'jdan, qa'na'a't, a'dillik siyaqli' wo'lmes temalar didaktikali'q

ideyalardi’ ji’rlaw da’stu’ri ha’zir de dawam yettirilmekte. Bul bag’darda ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’nda Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq ha’m wo’teshlerdin’ poetikali’q da’stu’rleri zaman talabi’na say rawajlani’w boyi’nsha ibratli’ ko’rkemlik izlenisler ali’p bari’lmaqta.

Ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’nda muhabbat temasi’ basli’ wori’n iyeledi. Insanni’n’ pa’k muhabbati’n, muhabbatqa sadi’qli’qti’ uli’g’lawshi’ joqari’ ko’rkemliktegi shi’g’armalari’ menen hayal-qi’zlar do’retiwshiligi qaraqalpaq a’debiyati’nda salmaqli’ wori’n iyeleydi.

–hayal-qi’zlar poeziyasi’nda xali’qti’n wo’tmishtegi qaharmanli’qlari’n, ma’rtliklerin su’wretlewshi tariyxi’y temadag’i’ shi’g’armalari’ arqali’ bu’gingi wo’sip kiyati’rg’an a’wladti’ watanparwarli’q ruwxta ta’rbiyalawshi’ ideyalar sa’wlelendiriledi. Shayi’rlari’mi’z wo’z shi’g’armalari’nda xalqi’mi’zdi’n’ ma’rt analari’ni’n’, bati’r qi’zlari’ni’n’, bati’r ullari’ni’n’ qaharmanli’q islerin ji’rlawdan hasla sharshamaydi’. G.Nurlepesovani’n’ «Qumar ana» tariyxi’y da’stani’n, M.Jumanazarovani’n’ «Su’yinbiyke» tariyxi’y tolg’awi’n, usi’ shayi’rlardi’n’ yernazar alako’z haqqi’ndag’i’, Sh.Payzullaevani’n’, G.Da’wletovani’n’ Tumaris, Su’yinbiyke, Qumar anali’q haqqi’nda jazi’lg’an bir qatar qosi’qlari’n atap wo’tsek boladi’.

Hayal-qi’zlardi’n’ muhabbat temasi’ndag’i’ qosi’qlari’ bir-birinen wo’zgeshelenedi. Sh.Payzullaeva insandag’i’ muhabbat sezimlerinin’ pinhami’li’g’i’n, N.To’reshova muhabbatqa sadi’qli’qti’, M.Jumanazarova muhabbatti’ insan wo’mirinin’ mazmuni’ yekenligin, P.Mi’rzabaeva insan muhabbati’ ushi’n gu’resiwdi, G.Da’wletova insan wo’z muhabbati’ menen jasawdi’ lirikali’q qaharman obrazlari’ arqali’ sa’wlelendiredi.

Ha’zirgi hayal-qi’zlar poeziyasi’ni’n’ tematikasi’, ideyali’q bag’dari’ su’wretlew principleri ha’m tag’i’ basqa bir qatar ko’rkemlik qa’siyetleri a’debiy si’nshi’lar ha’m izertlewshiler K.Ma’mbetov, G.Yesemuratov, S.Bahadi’rova, T.Ma’mbetniyazov, Q.Ja’rimbetov, K.Allambergenov, Q.Worazi’mbetov, B.Genjemuratov, P.Nurjanov, H.Wo’temuratova h.t.b. ta’repinen ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q pikirler bildirilgen.

Ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar lirikasi’n mazmuni’ boyi’nsha didaktikali’q lirika, muhabbat lirikasi’, publicistikali’q lirika, peyzajli’q lirika, ta’riyp-arnaw qosi’qlari’, nali’sh qosi’qlari’ dep aji’rati’p qarawg’a boladi’.

Ha’zirgi hayal-qi’zlardi’n’ poeziyasi’nda ko’rkem forma salasi’ndag’i’ izlenislerdi de ko’riwge boladi’. Usi’ ko’zqarastan wolardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’n formasi’ boyi’nsha yeki qatarli’ qosi’qlar, u’sh qatarli’ qosi’qlar, terme-tolg’aw formasi’ndagi’ qosi’qlar, to’rtlikler, g’a’zzeller h.t.b. tu’rlerge aji’rati’wg’a boladi’.

Biz ha’zirgi hayal-qi’zlardi’n’ liro-epikali’q shi’g’armalari’n poemalar, da’stanlar, tolg’awlar, qi’ssalar siyaqli’ janrli’q tu’rlerge bo’lip u’yrengendi maqul ko’rdik. Ma’selen, N.To’reshovani’n’ «Qi’zi’m-aw», «Tutqi’n» poemalari’, «Yalg’anshi’» dramali’q da’stani’, «Periyzat», «Anali’q haqqi’nda qi’ssa» shi’g’armalari’, Sh.Payzullaevani’n’ «Quyash atawi’», N.Tilewovani’n’ «Ju’rek jarasi’» nasi’ri’y poemalari’, G.Nurlepesovani’n’ «Qumar ana» tariyxi’y da’stani’, M.Jumanazrovani’n’ «Su’yinbiyke» tariyxi’y tolg’awi’, A.Wo’teniyazovani’n’ «Aysultan», «Ju’reklerde bar muhabbat» lirikali’q poemalari’ h.t.b. hayal-qi’zlardi’n’ shi’g’armalari’ poeziyami’zdi’n’ janrli’q sistemasi’n bayi’ti’wg’a belgili u’les boldi’ desek boladi’.

Solay yetip, ha’zirgi qaraqalpaq hayal-qi’zlar poeziyasi’ a’debiyati’mi’zdi’n’ milliy-epikali’q da’stu’rlerin dawam yettiriwge ha’m woni’ tematikali’q, janrli’q ha’m ko’rkemlik jaqtan bayi’ti’wg’a xi’zmet yetpekte dep juwmaq shi’g’arg’ani’mi’z maqsetke muwapi’q boladi’.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar

### Әдебий-сынлық, илимий-теориялық әдебиятлар, сөзликлер

1. Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары. Нөкис, «Билим», 1995.
2. Алламбергенов К. Шайыраның эпикалық поэзиясының өзгешелиги. // «Еркин Қарақалпақстан», 2009, 11-август.
3. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1987.
4. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
5. Ахметов С. Талантқа талап. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986
6. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдбияттаныў терминлериниң русша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
7. Досымбетова А. Зульфия дөретиўшилиги ҳәм қарақалпақ әдебий-эстетикалық ой дүньясы//«Қарақалпақ әдебияты», 2013, март.
8. Ембергенова Г. Әдебиятымыздың жарасықлы гүллери («Бес гүл» топламы ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 2008, №5-6.
9. Есемуратов Г.Поэзияда ҳүжданның жырланыўы. // «Қарақалпақстан жаслары», 1995, 23-март, 12 (6789)
10. Генжемуратов Б. Ҳәзирги қарақалпақ ҳаял-қызлар поэзиясында суггестив лирика. // «Қарақалпақстан жаслары», 2004, 24-март.
11. Ибрагимова Г. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында қызлар лирикасы. // «Устаз жолы», 2007, 17-февраль.
12. Жәримбетов Қ. Отлы жүректен отлы сөз. Г.Матякубова менен әдебий сәўбет // «Қарақалпақ әдебияты», 2011, №11-12
13. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2013.
14. Матякубова Г. Кўнгил кенгликларида (Шоира Ш.Пайзуллаева билан суҳбат)– Г.Матякубова. Ота уйим (Шеърлар, таржималар, киноқисса, суҳбат, материаллар) Тошкент: «Шарқ», 2014, 254-417-бб.

15. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
16. Мәмбетниязов Т. Еркин елдиң еркин қосығы (М.Жуманазарованың «Елим деп еңиремесең» топламы ҳаққында) // «Қарақалпақстан жаслары», 2007, 6-декабр.
17. Мәмбетниязов Т. Қосықлары кеўиллерди тербейди (Н.Төрешова ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 1998, №5.
18. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993.
19. Нуржанов П. Бахт қўшидай қўнгим келади. // «Ўзбекистон адабиёти ва саньати», 1998, 13-март.
20. Нуржанов П. Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар // «Қарақалпақстан жаслары», 1998, 9-август.
21. Нуржанов П. Қалбимда ой, қуёшим кулди (шоира Минойхон Жуманазарова ижодига бир назар). // «Жаҳон адабиёти», 2010, январь, 186-189-бб.
22. Нуржанов П. «Ақ сағымлар»дағы мәртлик руўхы. // «Еркин Қарақалпақстан», 2011, 3-ноябрь, №132 (19126).
23. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. - Нөкис, «Билим», 1992.
24. Оразымбетов Қ. Тереҳ талғамлы поэзия (Н.Төрешова ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 2003, №2.
25. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.
26. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент, «Янги аср авлоди», 2008.
27. Оразымбетов Қ., Әдебият-ҳақыйқатлықтың көркем сәўлеси. Г. Матякубова менен әдебий сәўбет // «Әмиўдәрья», 2014, №1.
28. Оразымбетов Қ., Әдебият-ҳақыйқатлықтың көркем сәўлеси. Г. Матякубова менен әдебий сәўбет // «Әмиўдәрья», 2014, №2
29. Өтемуратова Ҳ. Набира Төрешованың шайырлық стили. // «Әмиўдәрья», 2003, №1.

30. Қурамбоев К. Ижодкорнинг янги довони. – Г.Матякубова. Ота уйим (Шеърлар, таржималар, киноқисса, суҳбат, материаллар) Тошкент: «Шарқ», 2014, Алғы сөз, 5-6-бб.
31. Қурамбоев К. Ўз сўзи, ўз овозига эга шоира // «Қарақалпақ әдебияты», 2013, №1.
32. Турдыбаев Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.
33. Турдыбаев Қ. Лирикада руҳий ифоданинг ўзига хослиги // «Шарқ юлдузи», 2011, №1.
34. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.
35. Юсупов И. Кўклам нафасидай ҳаётбахш шъерлар М.Жуманазарова. Қалбингизда қолгим келади (шъерлар)–Тошкент, «Шолпон» наширёти, 1999, Алғы сөз, 3-4-бб.

**Көркем әдебиятлар**

1. Дәўлетова Г. Гүз толғаныслары (Қосықлар), Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
2. Дәўлетова Г. Қыз тахтым (Қосықлар). –Ташкент, «МЕРОС», 2009.
3. Дәўлетова Г. Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял. (Қосықлар), - Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001.
4. Жуманазарова М. Жүрегимде бир дәрт бар (Қосықлар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
5. Жуманазарова М. Елим деп еңиремесең. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
6. Жуманазарова М. Еле мен… (Қосықлар, гүрриңлер, мақалалар) Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994.
7. Жуманазарова М. Әлўидағ айтпайман, муҳаббат (Қосықлар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997.
8. Жуманазарова М. Кеўлим-ә, кеўлим… (Қосықлар) // «Әмиўдәрья», 2011, №4, 39-41 бб.

9. Жуманазарова М. Мүнәжат… Қосықлар. // «Қарақалпақ әдебияты», 2011, март, №3, (03)
10. Жуманазарова М. Қалбингизда қолгим келади (шъерлер). Тошкент, «Янги аср авлоди», 2000.
11. Мырзабаева П. Қосықлар.// «Әмиўдәрья», 1993, 11-12;
12. Мырзабаева П. Қосықлар.// «Әмиўдәрья», 1993, 3; 1994, 1.
13. Мырзабаева П. «Бахыт урысы деп…» Қосықлар дүркини. // «Әмиўдәрья», 2000, №6, 65-бет.
14. Мырзабаева П. Ҳүўиллейди кеўил сарайым… Қосықлар. //«Әмиўдәрья», 20007, №4, 84-85-бет.
15. Мырзабаева П. Кешлеў келген бир сезим. Қосық. // «Қарақалпақстан жаслары», 1994, 5-март.
16. Мырзабаева П. Өмир… Қосықлар. // «Еркин Қарақалпақстан», 2011, 6-сентябрь, №108 (19102)
17. Мырзабаева П. Қосықлар. // «Әмиўдәрья», 2000, №2.
18. Мырзабаева П. Шайыр ҳаяллар… Қосықлар. // «Қарақалпақ әдебияты», 2011, май-июнь,
19. Нурлепесова Г.Ақ сағымлар (Қосықлар). –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.
20. Нурлепесова Г. Ҳаслы нашар демең, бизди ағалар! (Қосықлар) –Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994.
21. Нурлепесова Г. Қайлардасыз, гүмис булақлар. –Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
22. Өтениязова А. Жүреклерде бар бол, муҳаббат! (Қосықлар) –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2002.
23. Тлеўова Н. Айтарым бар (Қосықлар). –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2000.
24. Төрешова Н. Әзийзим (Қосықлар, поэма ҳәм дәстан). –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009.